ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№29 (24.779) • 2025 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 8, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •



## ЦІыхубэр къызэфІэщІакъым

### КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм щыпсэухэм ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

ПщІэ зыхуэсщІ си лъахэгъухэ!

Нобэ илъэс 81-рэ ирокъу балъкъэр лъэпкъыр залымыгъэкІэ хэкум зэрырашрэ. Текъузэныгъэмрэ хабзэншагъэмрэ я купщІэр къэзыгъэлъагъуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм и напэкІуэцІ нэхъ нэщхъеягъуэ дыдэхэм ящыщт а щІэпхъаджагъэр. ЦІыхухэм паубыдат я щІыналъэм щыпсэужыну, щылэжьэну яІэ хуитыныгъэр.

Нэгум къыщІэгъэхьэгъуейщ адэжь щІыналъэм пэІэщІэу абыхэм ирахьэкІа илъэсхэм я хьэлъагъыу щытар. Унагъуэ куэдым хамэ щІыпІэм щафІэкІуэдащ я Іыхьлыхэр, гугъуехь бжыгъэншэхэм пхыкІын хуей хъуащ.

Ауэ, сыт хуэдэу щытми, балъкъэр цІыхубэр къызэфІэщІакъым. Я Іущагъыр, яхэлъ бэшэчагъымрэ яхэлъ псэкупсэ къарумрэ, пэжыр зэгуэр наІуэ къэхъужу захуагъэр зэрытекІуэнур я фІэщ зэрыхъур лъэпкъым щыщхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъуащ хьэзаб псори къызэранэкІынымкІэ, абы къыдэкІуэуи и бзэр, щэнхабзэр, псэкупсэ къулеигъэхэр, хабзэхэр ихъумэжауэ щІыналъэм къигъэзэжынымкІэ. Нобэ балъкъэрхэр гушхуэныгъэ яхэлъу хуоплъэ махуэщІэм, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей псомрэ лъэпкъ куэду зэхэт я цІыхубэм ящІыгъуу я къэкІуэну дахэр яухуэ.

Шэч къытесхьэркъым зэкъуэтыныгъэм, зым адрейм зыщІигъэкъуэным ди къару нэхъыщхьэр зэрыхэлъым икІи ар и лъабжьэу сыт хуэдэ гугъуехьми дызэрытекІуэнум, мурад тщІа псори зэрызэдгъэхъулІэфынум, ди республикэмрэ ди къэралышхуэмрэ ефІэкІуэным, нэхъри заужьыным хуэгъэза Іуэхухэр къызэрыддэхъунум.

# Гугъуехьхэмрэ гуауэмрэ я лъэхъэнэт

**Ди къэралым XX лІэщІыгъуэм къикІуа гъуэгуанэм, игъэва бэлыхьхэмрэ игъуэта зыужьыныгъэмрэ ятеухуа тхыдэ дэфтэрхэм уащриплъэжкІэ, гу нэхъыбэу зылъыптэр 1917 гъэм екІуэкІа Жэпуэгъуэ Революцэ Инымрэ 1941 - 1945 гъэхэм щыІа Хэку зауэшхуэмрэ ехьэлІахэрщ. Мы гъэм зи илъэс 80-р Іэтауэ дгъэлъэпІэну ди ТекІуэныгъэ инкІэ иухауэ щытащ а зэпэщІэувэныгъэ ткІийр.**

КЪЭРАЛЫМ ис лъэпкъхэм а илъэсищэ блэкІам къриубыдэу яІа псэукІэмрэ ягъуэта зыужьыныгъэмрэ уатепсэлъыхьмэ, дауи, зэманым фІыгъуэ куэд къытхудэкІуащ, зыузэщІыныгъэ инхэри къытхуздихьащ. ИтІани, уигу къыдримыдзеижынкІэ Іэмал иІэкъым Хэку зауэшхуэм и илъэс пхъашэхэм къриубыда Іуэхугъуэ хьэлъэхэм ящыщыр - ди къэралым щыпсэу лъэпкъ куэд щалъхуа щІыналъэхэм залымыгъэкІэ ирашауэ зэрыщытар. 1944 гъэм и пэщІэдзэр уаеу къызыхущІэкІа лъэпкъхэт къалмыкъхэр, кърым тэтэрхэр, шэшэнхэр, ингушхэр, къэрэшейхэр, нэгъуэщІхэри.

Мазэ бжыгъэкІэ къэралым щекІуэкІа а Іуэху мыщхьэпэр, гуауэр зи щхьэ крикІуа лъэпкъхэм ящыщащ ди къуэш балъкъэрхэр. 1944 гъэм гъатхэпэм и 8-м ахэр я щІыналъэм залымыгъэкІэ ирахуауэ щыташ икІи Азие Курытмрэ Къэзахъстанымрэ я щІыпІи 120-м хагуэшат. Нэхъ Іеижыр арати, къэрал унафэ хэхаи къыдэкІауэ щыташ залымыгъэкІэ зи псэупІэр зрагъэбгына лъэпкъхэм къэралыгъуэ ямыІэжу къэлъытэныр и лъабжьэу.

Егъэлеяуэ хьэлъэт нобэ хуэдэ гъатхэпэм и 8-р балъкъэрхэм я дежкІэ. Абыхэм ядэгузавэрт, ядэгуІэрт гъунэгъу пэжу, ныбжьэгъуфІу, благъагъэкІэ ябыдауэ къекІуэкІ адыгэхэр. Ар зи нэгу щІэкІа куэд щымыІэжми, нэхъыжьыІуэхэм яхэтщ а Іуэхугъуэм иджыри зи гур къыхигъэузыкІхэр. Абыхэм ящІэж щысхьрабгъу ямыІэу, зи жьэгу пащхьэм псы ирагъэжыхьыжауэ щыта лІыжьхэр, фызыжьхэр, сабийхэр. Зи цІыхухъухэр зауэ ІэнатІэм Іуту къэралым и щхьэхуитыныгъэм щІэбэн адэ-анэхэм, щхьэгъусэхэм, шыпхъухэм, сабийхэм къатехьа лейр я щхьэми ягуми къахуигъэтІасэртэкъым. Апхуэдэ махуэ жагъуэт а псоми я дежкІэ гъатхэпэм и 8-м и пщэдджыжь нэмэзыр…



Илъэсхэр блэкІащ, лІэщІыгъуэхэми захъуэжащ. Зэманым псори и пІэ иригъэувэжащ, езым зэрихабзэу. Хамэ щІыналъэм гугъуещэ щехьа ди къуэш балъкъэрхэм яшэчыфащ зыхадза бэлыхьхэри щыщІэныгъэхэри. Уеблэмэ, я лъэпкъ зэхэщІыкІыр куут, лъэщти, хамэщІ щыІэми, яхъумэжыфащ я анэдэлъхубзэри, хабзэри, щэнхабзэри. Нэхъыщхьэращи, я гумрэ я гугъэмрэ яфІэмыкІуэду, гъащІэр, цІыхур фІыуэ ялъагъуу къэнащ. Бэлыхь псори лІыхъужьыгъэ хэлъу къызэранэкІри, балъкъэрхэр зыужьыныгъэм и гъуэгу нэхум, хуитым теувэжащ, илъэс 13 дэкІри. Іуащхьэмахуэ Іуплъэжащ, я анэдэлъхубзэр къуршыжьхэм щыІужащ, усакІуэми зэрыжиІауэ.

Ди республикэм ис лъэпкъ псори, балъкъэрхэри къытхэту, нобэ дызэдопсэу, дызэгурыІуэу, дызэдэІуэжу, къэрал унафэ дахэм дыщІэту, зэныбжьэгъугъэ ин ди зэхуаку дэлъу. А фІыгъуэхэр къапэкІуащ ди лъэпкъхэм яхэлъ зэхэщІыкІым, бэшэчагъым, шыІэныгъэм. АдэкІи ефІэкІуэныгъэ, ехъулІэныгъэ куэд диІэныр дэтхэнэми ди хъуэпсапІэщ.

**ТАМБИЙ Линэ.**




*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущlапlэм къызэритамкlэ*

# ХуэунэтIащ щIэпхъаджагъэм и щхьэр къемыгъэIэтыным

**Террорым пэщIэтынымкIэ комиссэм и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Іэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек**.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭР тепсэлъыхьащ щIыналъэр шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкIэ зэрыт щытыкIэм. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратым КъБР-м щиIэ къэрал инспектор нэхъыщхьэ **Васильченкэ Дмитрий**, Правительствэм хэтхэр, министрхэр, хабзэхъумэхэр, дзэм, щIыпIэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэр едэIуащ транспортым и инфраструктурэр шынагъуэншагъэм зэрыхуэхьэзырым теухуа къэпсэлъэныгъэм. Ар нэхъри гъэбыдэным хуэунэтIа Iуэху щхьэхуэхэм я гугъу ящIащ. Къинэмыщlауэ, мыхъумыщIагъэ зигу илъхэм яхуэмыбэлэрыгъыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэми тепсэлъыхьащ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ Путин Владимир терроризмэм лъэныкъуэ псомкIи пэщIэтыным хуэунэтIауэ 2024 - 2028 гъэхэм зэфIэгъэкIыпхъэ къалэнхэр къызэригъэувар. Абы лъабжьэ хуохъу хабзэ хъуауэ къекIуэкI щэнхабзэ-псэкупсэ лъапIэныгъэхэр хъумэн зэрыхуейр, терроризмэм къыхуезыджэхэм цIыхухэр къахуэмыгъэпцIэн хуэдэу. План ягъэувам нэхъыщхьэу хэтщ гурыщхъуэ зыхуащI цIыхухэм ядэлэжьэныр, терроризмэм и идеологием димыхьэхыфын хуэдэу.

ЗэIущIэм и кIэм комиссэм хэтхэм гу лъатащ щIыналъэр терроризмэм пэщIэтыфын папщIэ, ар зэрыт жылагъуэ-политикэ, цIыхубэ-экономикэ щытыкIэми мыхьэнэ зэриIэм. Къудамэ щхьэхуэхэр зэлъэIэсу зэдэлэжьэн хуэдэу, унафэ зыбжанэ къащтащ. А псори хуэунэтIащ щIэпхъаджагъэм и щхьэр къемыгъэIэтыным, ар къэзыгъэхъу щхьэусыгъуэхэр гъэкIуэдыным. Мыпхуэдэ лэжьыгъэр дяпэкIи екIуэкIынущ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм**
**и къэрал дамыгъэхэр тыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЕхъулIэныгъэшхуэхэр зэраIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын:***

**ПщыхьэщIэ Лейлэ Хьэсэн и пхъум** - зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэм - жэуап зыхь и секретарым,

**Супруненкэ Верэ Пётр и пхъум** - Федеральнэ налог IуэхущIапIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ управленэм и аналитикэ къудамэм и къэрал налог инспектор нэхъыщхьэм;

***цIэ лъапIэхэр яфIэщын:***

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»***

**Кокутенкэ Еленэ Владимир и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Звёздочка» сабий республикэ санаторэ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэм,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»***

**Казиевэ ФатIимэт Хьэким и пхъум** - Шэрэдж муниципальнэ районым и «Район сымаджэщ нэхъыщхьэ» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм и педиатрие къудамэм и палатнэ медицинэ сестрам,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»***

**Щадз Ларэ Машэ и пхъум** - Шэджэм къалэм и «Сабий макъамэ еджапIэ» щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм лъэпкъ IэмэпсымэхэмкIэ классым и егъэджакIуэм,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ»***

**Батырбековэ ФатIимэт Рашид и пхъум** - Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет егъэджэныгъэ IуэхущIапIэм Стоматологиемрэ челюстно-лицевой хирургиемкIэ и институтым и доцентым,

**Чэлимэт Наталье Данил и пхъум**,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»***

**Джатокъуэ Анджилитэ Исмэхьил и пхъум** - «Нальчик-сладость» жэуаплыныгъэ зэпыгъэщхьэхукIа зиIэ обществэм и генеральнэ директорым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм гъатхэпэм и 7-м*
*№17-УГ*

# Республикэпсо щIыхьэху екIуэкIынущ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ республикэм зиужьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм щыхэплъа зи чэзу зэIущIэр**.

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и управленэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Тюбеев Амырхъан** зэIущIэм щигъэбелджылащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Регламентым и 34-нэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ Правительствэм къыхилъхьа Iуэхур.

КъБР-м щIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Уянаев Таймураз** тепсэлъыхьащ СВО-м щыIэхэм папщIэ къызэрагъэпэща «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым и мылъкум щыщ зэрыратынум и проектым. Къэпсэлъар щхьэхуэу къытеувыIащ республикэм бгъэIэпхъуэ хъу и мылъкум щыщ Херсон областым зэрыратынум.

КъБР-м и Правительствэмрэ УФ-м ЭнергетикэмкIэ и министерствэм и «Урысей энергетикэ агентствэ» къэрал IуэхущIапIэмрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ зэгурыIуэныгъэ зэраухылIащ. Абы теухуауэ Правительствэм къыхилъхьа проектым тепсэлъыхьащ КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр **Iэхъуэбэч Щамил**.

КъБР-м щIыхьэху щекIуэкIынущ жьыкIэфэкIэм ядэIэпыкъуным, гулъытэ яхуэщIыным хуэгъэзауэ. КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министр **Тогузаев ТIэхьир** абы теухуауэ къэпсэлъащ. Ар щхьэхуэу къытеувыIащ республикэм я цIыху щхьэхуэхэм зэрадэIэпыкъуну щIыкIэм.

**ГЪУЭТ Синэ**.

## Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Рсепубликэм Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ щылажьэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэмрэ зэгъусэу 2025 гъэм гъатхэпэм и 11-м сыхьэти 10-м цIыхухэм яIущIэнущ абыхэм хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэм къащхьэщыжыным теухуауэ.

ЗэIущIэр щекIуэкIыну хэщIапIэр: Налшык къалэ, Кулиевым и цIэр зезыхьэ проспект, 16.

ФызыщIэупщIэн щыIэмэ, фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: (8662) 40-20-48, 40-48-60, 42-29-05



# ПсэупIэу ящIым хохъуэ

● Ухуэныгъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и ухуэныгъэ IэнатIэм нэрылъагъуу зеужь иужьрей илъэсхэм. Псалъэм къыдэкIуэу, мы гъэм и щIышылэ мазэм къриубыдэу республикэм щаухуащ псори зэхэту псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мин 78,6-рэ икIи 2024 гъэм и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ хуэдэ 1,7-кIэ ар нэхъыбэщ**.

ИЛЪЭС блэкIам ди щIыналъэм и ухуакIуэхэм, унагъуэхэри яхэту, псэупIэу ящIащ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 610,8-рэ, ар процентi 9,2-кIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым нэхърэ. Фэтэру мини 6,5-рэ яухуащ.

«ПсэупIэ» щIыналъэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ дызэрыт илъэсым псори зэхэту псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мин 570-рэ яухуэнущ.

2019 гъэм щегъэжьауэ республикэм щаухуащ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мелуани 3,1-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуауэ щытащ 2030 гъэм ирихьэлIэу псэупIэу яухуэм и куэдагъыр зы илъэсым къриубыдэу метр зэбгъузэнатIэ 761-м нагъэсыну.

Ар зэгъэхъулIэным щIэгъэкъуэн хуэхъунущ ухуэныгъэм ехьэлIауэ щIыналъэм иджыпсту щагъэзэщIэну инвестицэ пэхуэщIэ ехьэжьахэр – Налшык къалэм и «КъуэкIыпIэ», «Мей» хьэблэхэм щрагъэкIуэкIыну къапэщылъ ухуэныгъэхэр. Инженер, гъуэгу коммуникацэхэр абыхэм ешэлIэным ехьэлIауэ ухуакIуэхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр иратынущ. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ.

«КъуэкIыпIэ» хьэблэм 2030 гъэм ирихьэлIэу псэупIэу щаухуэнущ псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ зы мелуаным щIигъу, абыхэм щыпсэуну цIыху мин 41-м ятещIыхьауэ. Мы щIыпIэм къагъэIэпхъуэнущ жьы хъуауэ, узыщIэсыну шынагъуэ хъуа унэхэм щыпсэухэри. Абыхэм щхьэкIэ метр зэбгъузэнатIэ мин 30-м щIигъу а щIыпIэм щыхухахынущ. ХьэблэщIэм щаухуэну, фэтэр куэду зэхэтыну псэупIэхэм я япэ къатхэм хэтынущ библиотекэхэр, сабийхэм папщIэ гъуазджэмкIэ школхэр, пощтхэр, социальнэ IуэхущIапIэхэр, хабзэхъумэхэм я хэщIапIэхэр, нэгъуэщIхэри.

«Мей» хьэблэщIэм и проектым хэтщ 2030 гъэм ирихьэлIэу псэупIэкIэ цIыху 4320-рэ абы къыщызэрагъэпэщыну. Ар ягъэзэщIэнущ «ДОМ.РФ» IуэхущIапIэр я гъусэу. Траухуащ псэупIэу псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мини 129,5-рэ абы щаухуэну, социальнэ IуэхущIапIэхэр, сабий садхэр, нэгъуэщI ухуэныгъэхэри хэту.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег**.




# Балъкъэр лъэпкъым и Фэеплъ унэм теухуауэ

**«1944 - 1957 гъэхэм политикэ дэкъузэныгъэм ихьахэм я фэеплъ мемориалыр», нэгъуэщIу жыпIэмэ, балъкъэр лъэпкъым тхыдэкIэ къытехуа удыныр зэригъэвар къэкIуэну щIэблэхэм ящымыгъупщэным хуэунэтIауэ зэрагъэпэща музейр къызэрызэIуахрэ гъатхэпэм и 8-м илъэс 23-рэ ирокъу.**

ДАУИ, мы ухуэныгъэм и тхыдэр дэфтэрхэми къыщыпхуэгъуэтыжынущ, итIани, балъкъэр лъэпкъым щыщхэм гуапэу ягу къагъэкIыж япэ лъэбакъуэр ячынымкIэ къадэIэпыкъуахэр, лъэпкъым гунэс щыхъуа унафэр пхызыгъэкIа къулыкъущIэхэм я цIэхэр, псом япэ - а зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр.

Фэеплъ унэр зэрызэфIагъэувам, абы хухаха щIыпIэм епха унафэхэм мызэ-мытIэу зэрызихъуэжам и хъыбарыр къытхуиIуэтэжащ «Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъу пэж, а лъэхъэнэм «Зеленый мир» (Дуней щхъуантIэ) цIыхубэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу щыта бзылъхугъэ жыджэр Ульбашевэ Маржан.

«Балъкъэр лъэпкъым и фэеплъ музей ягъэувыну мурад ящIа нэужь, а зэманым КъБР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу лэжьа Мамхэгъ Михаил и Iэр щIэлъу унафэ къыдэкIауэ щытащ 1989 гъэм мазаем и 3-м. Правительствэм архитекторхэм я зэхьэзэхуэ къызэрызэIуихымкIэ цIыхухэм хъыбар яригъащIэрт, «Балъкъэр лъэпкъым къытехьа лейм и Фэеплъым и эскиз икIэщIыпIэкIэ ягъэхьэзырын» зэрыхуейм теухуауэ. А зэман дыдэм цIыхухэм псапэхуэщIэу ахъшэ ирагъэхьын папщIэ, банкым счёт къыщызэIуахащ. Архитекторхэм я IэдакъэщIэкIхэм хэплъэу, зэпеуэр иуха нэужь, адрей псоми ятекIуащ Гузиев Малик игъэхьэзырар.

ЩIыпIэм и гугъу тщIымэ, Iуэхур къыщаIэтам щыгъуэ, музейр лей зытехьа балъкъэр цIыхубэр гухэщIу зытраша вокзалыр, Къэбэрдей, Осетинскэ уэрамхэм я зэпылъыпIэр къыхахауэ щытащ. Ар унафэ нэхъ щхьэпэкIэ зэрахъуэжам сэри хэпщIа сызэрыхъуам срогушхуэ. А зэманым сэ «Зеленый мир» зэгухьэныгъэм сыщылажьэрти, унафэр къащтауэ, музейр яухуэн щIадзэным фIэкIа къэмынэжауэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ Хуламханов Зауррэ архитектор Каркаев Мухьэрбийрэ сахуэзащ. ТIуми зыгуэр ягу къеуэрт. СащыщIэупщIэм, музейр лъэпкъым и Хэкур щибгына вокзалым хуэзэу щытми, гъуэгу зэпрыкIыпIэм деж зэрагъэувынур я гуапэ зэрымыхъуар къызжаIащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, абыкIэ куэд зэакъылэгъут. Арати, афIэкIа хэмылъу, Президент КIуэкIуэ Валерэ и цIэкIэ лъэIу стхащ, сызытекIухь Iуэхури къыхэзгъэщу. ФIыщIэ яхузощI абы щыгъуэ гуапэу къыспэджэжа псоми. ЕгъэблэгъапIэм и нэхъыжь Уэтэр Мэжид къызэджа нэужь, мемориалыр иджыпсту здэщыт щIыпIэм деж ягъэувамэ, псоми нэхъ къызэращтэр къыгурызгъэIуащ. ФIыгъуэ зыхуищIэн КIуэкIуэ Валерэ занщIэу арэзы хъури, Iуэхур езым и чэнджэщэгъу Тхьэгъэзит Юрэ и пщэ дилъхьащ, нобэми сигу илъщ абы цIыхуфIагъыу дэслъэгъуар. Гупсэхуу дызэпсалъэри, Тхьэгъэзитым сызыхуей псори къабыл ищIащ. Апхуэдэу, щIыпIэр къыхаха нэужь, япэ мывэр 1989 гъэм щIым халъхьащ. А илъэсым ухуэныгъэр ирагъажьэри, 2002 гъэм гъатхэпэм и 8-м къызэIуахауэ щытащ мемориалыр.

Нобэ хуэдэу си нэгум щIэтщ балъкъэр цIыхубзхэм, си анэ Хутуевэ Хьэлимэт я пашэу, КIуэкIуэ Валерэ бгъэдыхьэу фIыщIэ псалъэ жраIауэ зэрыщытар. Езыми IэплIэ къахуищIри: «Фэ си анэм фыхуэдэщ», - къажриIат, я гур фIы къахуищIат. Музейм и япэ унафэщIу щытар Таукенов Идрисщ.

Нобэ а Iуэху дахэр къезыхьэжьахэм ящыщ куэд дунейм ехыжакIэщ, ауэ мы фэеплъыр щытыху, ар абыхэм я псапэу къэнэнущ».

Мэржан зи гугъу ищI музейм а лъэпкъым дежкIэ гукъэкIыж хьэлъэхэр ихъумэ пэтми, езыр щэнхабзэм и щапхъэ екIу хъуащ. Абы и дэтхэнэ зы пэшри темэ щхьэхуэм хухэхауэ щытщ. Тхыдэ-этнографие и лъэныкъуэкIэ пэшхэр ятегуэшащ: революцэм ипэкIэ екIуэкIа гъащIэм, Хэку зауэшхуэм и пэм, Хэку зауэшхуэм балъкъэр лъэпкъым хуищIа хэлъхьэныгъэм епха фэеплъхэм, 1941 - 1957 гъэхэм екIуэкIа политикэ дэкъузэныгъэм, лъэпкъыр я хэкум зэрырашам и щыхьэту къэув сурэтхэм, гукъэкIыжхэм, къинэмыщI хьэпшыпхэм, архивхэм. Пэш щхьэхуэ хухэхащ балъкъэрхэм я Хэкум къызэрагъэзэжам, лъэпкъым и пщIэр зэрызэфIэувэжам, иджырей зэманым здынэса лъагапIэм. Экскурсиехэр урысыбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ щокIуэкI, дэтхэнэ ныбжьми хухэхащ. Гу лъытапхъэщ зыплъыхьакIуэхэр япэу зыIуплъэ, Кулиев Къайсын и псалъэхэми: «Уэ, си лъэпкъ мащIэ, лей къыдэзыха псом нэхъри узэрынэхъ лъэщыр къыдгурыIуащ».

Ухуэныгъэм и теплъэм уигу къегъэкI Курыт лIэщIыгъуэм Азием щащIу щыта сэрейхэр, балъкъэр лъэпкъым и IэпщIэлъапщIагъым и щапхъэхэми ущрохьэлIэ. Дауи, мы музейр щIащIа щхьэусыгъуэр къэмыхъуххамэ, нэхъыфIыжт, ауэ лъэпкъ щхьэхуэри и натIэм къритхам IэщIэкIыф къыщIэкIынкъым. Абы къыхэкIыу, къэкIуэну щIэблэм гуауэ ямылъагъунымкIэ щхьэпэ ирехъу цIыху куэдым я гуащIэрэ я IэщIагъэрэ зрахьэлIа мы ухуэныгъэр. Зы лъэпкъми апхуэдэ гузэвэгъуэ Алыхьым яримыгъэлъагъукIэ.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

● Жыжьэ - гъунэгъу

# Гум псори къонэ

**«Сыпсэуху сщыгъупщэнукъым ди лъэпкъыр щалъхуа щIыпIэм ирахуауэ щыщыта а илъэс хьэлъэхэр. А лъэхъэнэр сигу къыщыдридзеижкIэ, си нэпсхэр къысфIокIуэ... Ар дауэ?.. Лъэпкъ псо залымыгъэкIэ щIыпIэм ипшыну, лажьэ ямыIэу. Зи цIыхухэм я процент 15-р фронтым Iутрэ бийм текIуэным къэмылэнджэжу пэщIэт балъкъэрхэм апхуэдэ лей якIэлъызепхьэныр захуагъэтэкъым. Дэ абы щыгъуэ, дауи, дыщыгъуазэтэкъым къэрал унафэщIхэм ди щIыналъэ дахэм, щIыуэпс къулейкIэ цIэрыIуэм, гугъэ гъэтIылъахэр зэрыхуаIэм. Абыхэм я мурадащ балъкъэрхэр, къэрэшейхэр, шэшэнхэр, нэгъуэщIхэри ирахуу а щIыпIэр Куржым хагъэхьэжыну...»**

ДИ КЪУЭШ балъкъэр лъэпкъым и дежкIэ нобэрей махуэр гуауэу, хьэлъэу зэрыщытым шэч лъэпкъ хэлъкъым. Ар къыщыблагъэкIэ, дапщэщи къысщохъу илъэс куэд щIауэ къыддэпсэу а лъэпкъым щыщ дэтхэнэми и нэгур нэхъ уфа, зэхэлъ хъууэ, гупсысэхэм я нэхъ Iэтыгъуейхэр я гумрэ я псэмрэ щыхьэщIэу. Апхуэдэут Печатым и унэм и зы къатым дытесу илъэс куэдкIэ къыддэлэжьа нэхъыжьыфI, балъкъэрыбзэкIэ къыдэкI «Заман» республикэ газетым и корреспонденту лэжьа, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэу, тхакIуэу икIи усакIуэ цIэрыIуэу щыта Кучинаев Ануари а махуэхэм сызэрыIуплъэр. Пэжыр жыпIэнумэ, си тхыгъэм пэщIэдзэ хуэсщIа псалъэхэр абы куэдрэ къыжьэдэкIырт гъатхэпэм и пэщIэдзэм. Дунейр дыгъэпсми, къихьагъащIэ гъатхэм псори дыхуэнэгуфIэми, а лъэхъэнэ бзаджэм, ткIийм ехьэлIа и гукъэкIыжхэр Ануар щиублэкIэ, псори щым дыхъурти, ди гур пыкIэзызыхьу абы къиIуэтэж хъыбархэм дыщIэдэIурт. Лъэпкъым и фэм дэкIахэр, и гум дигъэхуэфа бэлыхьхэр, зыхэта лъэпощхьэпо инхэр ди нэгу къыщIыхьэу...

«Гум псори къонэ... Псэри хабзэри зэрытхъумэжыным дыхуэщIэкъуащ, - и гукъэкIыжхэм мы псалъэхэмкIэ пищэрт нэхъыжьыфIым. - Нобэ хуэдэу си нэгум щIэтщ а пщэдджыжьыпэр. Гъатхэпэм и 8-м сыхьэти 4-хэм деж Iэуэлъауэшхуэм дыкъызэщIигъэушауэ щытащ унагъуэм щIэсхэр. Сэ абы щыгъуэ илъэс 14 срикъуатэкъым. Дэ нэхърэ нэхъ бий къэралым игъащIэм имыIа хуэдэ, НКВД-м и офицеррэ сэлэту мин 20-м щIигъум къаувыхьат дыщыпсэу жылэхэр, балъкъэритI къэс зы сэлэт е офицер къытхуэзэу. Машинэшхуэхэм драгуашэрт, щысхьрабгъу лъэпкъ ямыIэу къытхуэпхъашэу, дызэрадзэу...

Ауэ щыхъукIэ, а зэман дыдэм ди адэхэр, къуэш нэхъыжьхэр зауэ IэнатIэм Iутт, Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщIэ лъы ягъажэу, лIыгъэшхуэ зэрахьэу, хахуагъэ яхэлъу. Абыхэм ящыщу зыбжанэ ягъэлъэгъуат «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къратыну, арщхьэкIэ, ди лъэпкъыр «къэралым и епцIыжакIуэу» къыщалъытэм, абы ипэкIэ зыхуагъэфэщам иратауэ къанэри, адрейхэм я Iуэхур нэгъуэщI зауэ орденхэмрэ медалхэмкIэ зэфIагъэкIауэ щытащ.

Дауи, гугъут хамэ щIыналъэм ущыпсэуну. Япэ илъэсхэм лъэпощхьэпо куэд дрихьэлIащ: лэжьыгъэ IэнатIэ тэмэм дгъуэтыртэкъым, жэуаплыныгъэ гуэр зыпылъ къалэнхэм жыжьэрэ гъунэгъуу дыбгъэдагъэхьэртэкъым. Сэ фIамыщI къыщыщIах шахтэм сыщылэжьащ. Си къалэнхэр ныкъусаныгъэншэу зэрызгъэзащIэм, жэуаплыныгъэ схэлъу сызэрылажьэм гу лъатащ. Зэман дэкIри, шахтэм и комсомол зэгухьэныгъэм и секретару сыхахауэ щытащ. Апхуэдэу къекIуэкIащ си лъэпкъэгъу куэдым я Iуэхур: нэхъ лэжьыгъэ хьэлъэ дыдэхэм пэрагъэувэри иужькIэ, езыхэм я пщIэмрэ щIыхьымрэ къихьауэ, унафэщI къалэнхэри дзыхь къызыхуащIахэр мащIэтэкъым. Ауэ ахэр къыщыхъуар нэхъ иужьыIуэкIэщ...

ГъащIэм и лъэныкъуэ куэдкIэ гугъу дехьащ, псом хуэмыдэу псэупIэкIэ. Балъкъэрхэм къытхуагъэфэщар баракхэмрэ колхоз хьэмхэм щыIэ ухуэныгъэхэмрэщ. КъызэрыджаIэмкIэ, къэралым и къалэнт ипэ мазэхэм псэупIэкIэ, шхынкIэ дыкъызэригъэпэщыну, арщхьэкIэ пщIэ зимыIэжу къалъыта лъэпкъым хэт елIэлIэнт? КарточкэхэмкIэ цIыху къэс къытхуэзэу мазэм къыдатырт гуэдзу грамм 300, фошыгъу килограмм зырыз, IэфIыкIэ сыт жыхуэпIэхэр тлъагъуххэртэкъым. Къэрал мылъкум щыщу Къэзахъстанымрэ Къыргъызымрэ Iыхьэшхуэ яутIыпщырт. Вагонхэм ярызу а щIыпIэм нашэрт ди псэуалъэхэр щытщIкIэ къэдгъэсэбэпыпхъэ ухуэныгъэ материалхэр. Абыхэм ящыщу зы гъуэщI Iунэ къытIэрыхьэртэкъым.

Шэч зыхэмылъыр зыщ: къэрал унафэщIхэм фIэкIа нэгъуэщI дэIэпыкъуэгъурэ гугъапIэрэ дэ, балъкъэрхэм, а хамэ щIыпIэм щыдимыIауэ щытамэ, лъэпкъкIуэдыр къытхуэкIуакIэт.

Ауэ хуабжьу зыкъытщIагъэкъуащ цIыху къызэрыгуэкIхэм, псэупIэ тхуэхъуа хьэблэхэм, жылэхэм дэсхэм: къэзахъхэм, къыргъызхэм. Ди насыпти, дэ дахэхуащ зетхьэ динкIэ, тIурылъ бзэкIэ, хабзэхэмкIэ дызыпэгъунэгъу лъэпкъхэм. Абыхэм щIэх дыдэ къагурыIуащ дэ хьэIуцыдз гуэру хьэмэрэ лъэпкъ хьэрэму дызэрыщымытыр, атIэ дыIэпщIэлъапщIэу, лэжьыгъэм, гугъуехьым дакъыпимыкIуэту, зи псалъэм тебгъуэтэж цIыхуу гъащIэм дызэрыхэтыр.

Япэ илъэсищым къриубыдэу хамэщIым я псэр щыщанащ абы нэсахэм я зэхуэдитIым нэсым, дыздашэм дынэсын папщIэ зэпытча гъуэгуанэ кIыхьым щытфIэкIуэда цIыху мини 5-р хэмыту. ДагъэIэпхъуэным пыщIа гугъуехьхэр псом хуэмыдэу къатехьэлъащ жьыкIэфэкIэхэмрэ сабийхэмрэ.

ИтIани, сыт хуэдиз гугъуехьрэ хьэзабрэ гъащIэм къытхуигъэтIылъами, балъкъэрхэм зытхъумэжыфащ. ХамэщIым щыдгъэкIуэдакъым ди хабзэр, ди анэдэлъхубзэр, псом нэхърэ нэхъыщхьэжырщи, ди напэр, ди псэр. Абы дызэрыщыIа илъэс 13-м къриубыдэу ди бжыгъэр мин 40-м нэдгъэсыжыфащ.

Ди щIыналъэ дахэм зыщыдужьыжынымкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ къытхуэхъуащ адыгэхэр. Нобэ псори зым дыхуолажьэ: ди лъэпкъхэм я пщIэрэ щIыхьрэ мыкIуэду, ди нэхъыжьыфIхэм щIэин лъапIэу къытхуагъэна хабзэхэр, бзэхэр зыхъумэн, езыгъэфIэкIуэн щIэблэ узыншэ къытщIэхъуэным. Тхьэм къыдигъэхъулIэ!»

ФIыуэ илъагъу, и псэм хуихь и лъэпкъым, лъахэм яхуэгъэза апхуэдэ хъуэхъу псалъэхэмкIэ иухырт и хъыбархэр Кучинаевым. А псори къыщиIуэтэжкIэ, нэхъыжьыфIым гуIэ нэпсхэр къыщыфIекIуи щыIэт. Апхуэдабзэу, гуфIэ нэпсхэр и напэм къыфIежэхырт, илъэс 13-кIэ балъкъэрхэм ятелъа бэлыхьым и кIэм щиплъэу гупсэхугъуэ къезытыжа 1957 гъэм и гъатхэпэ мазэм и гугъу щищIкIи.

Ди республикэм щыпсэу псоми нобэ ди плъапIэр, дызэгугъур зыщ: ди лъэпкъхэм я пщIэм хэгъэхъуэныр, ди хабзэхэр, бзэхэр хъумэнырщ, ахэр езыгъэфIэкIуэн цIыхуу ныбжьыщIэхэр гъэсэнырщ. Дэтхэнэ лъэпкъ узыншэми фIыгъуэ ину къилъытэ а лъапIэныгъэхэр Алыхьым къыдит. Къэралым ис псори дызыгъэпIейтей иджырей зэпэщIэувэныгъэри мы гъатхэм Тхьэм иригъэух.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

## Усэхэр

*МУСУКАЕВЭ Сэкинат*

### Уи нитIым сыщIоплъэ

**Уи нитIым си гуапэу сыщIоплъэ, -**
**Абыхэм насыпыр щопсэу.**
**Сэ ахэр слъагъуным сыпоплъэ,**
**СщIыгъуну сыхуейт гъащIэ псом.**
**Гуапагъэ абыхэм щызгъуэтмэ,**
**Къысщохъур уэшх хуабэм сыхэт,**
**Гъунэгъуу сэ уэ узбгъэдэтмэ,**
**Iуэху жьгъейхэр къысфIощIыр текIуэт.**
**Къысщохъур ди гъащIэм пщIыхь хуэдэу:**
**Уолъыхъуэ - къэбгъуэткъым зыгуэр.**
**А псори мэбзэхыр, мэкIуэдыр**
**УсщIыгъумэ - къэслъыхъуэр сэ уэрт.**
**Уи нитIым сэ гуапэу сыщIоплъэ, -**
**ГуфIэгъуэ абыхэм къызат.**
**Сэ ахэр слъагъуным сыпоплъэ,**
**Сыт щыгъуи сщIыгъуатэм арат.**

*МОКАЕВ Магомед*

### Анэм деж

**УгъащIэ мащIэу къыщIэкIат, си анэ…**
**Ажал толъкъуныр пасэу къыпщIэуат.**
**Си дыгъэр, си уэрэдыр сыт зэмани**
**Уэрати - тIури гуауэу сфIэкIуэдат.**
**Дунейр уэ къыщубгынэми, уи щIалэр**
**ИщIыну насыпыфIэ тхьэм уелъэIут.**
**IэфIыгъэу гъащIэм хэлъри, и гуащIагъри**
**Сэ зыхэсщIами, сигу уи макъыр щыIут:**
**«Зы гузэвэгъуэр пщещI нэхъ тынш нэгъуэщIым»**
**Къысхуохъур сыткIи цIыхухэр щIэгъэкъуэн,**
**ИтIани къысщымыхъу си гуауэм хэщIу, -**
**Уэ узиIэжкъым... СфIощI псэр дэлъу бэн.**
**Дунейм уэ утетыжкъым. Ауэ гъатхэр**
**Аргуэру къытхуэкIуащи, мес, солъагъу:**
**Уэ балий жыг зэгуэрым хэпсэгъахэр**
**Гъэгъауэ, ди гуфIэгъуэм къытхущIагъу.**
**Умыпсэужми, сеплъым балий жыгым,**
**Уи нэгум сиплъэу фIэкI сэ къысщымыхъу.**
**Си гукъэкIыжхэр зэи мыужьыхыу**
**Сэ къыздопсэури, сфIощIыр уэ усщIыгъу.**
**Пэжыгъэ гъуэгур гугъуми, хуокIуэ щыгум.**
**ГуфIэгъуи гуауи - мащIэ сэ слъэгъуар?!**
**Си гъащIэ псокIэ схуигъэхункъым си гум**
**ХьэлукIэ уи IэлъэщI зэрыпхъуэжар…**

*Усэхэр зэзыдзэкIар*
**КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.**

# Си балъкъэр анэшхуэр



**Си сабиигъуэр си анэм и анэ Надзырэ (Балаевэ) Заирэт деж щесхьэкІауэ жыпІэ хъунущ. Нобэр къыздэсым си нэгу щІэтщ си анэш лъапсэр. Нанэ Заирэт зэрыбалъкъэрыр сщІэуэ сыкъэтэджащ. Умыщ-Іапхъи иІэт - нанэ и шыпхъухэр хьэщІапІэ къэщы-хуэкІуэкІэ сэ къызгурымыІуэ балъкъэрыбзэкІэ зэдэуэршэру зэхэст. Си нэгу щІэтщ а цІыхубз уардэхэр... ЗэпІэзэрыту, щэныфІэу, я пкъыр захуэу, я щхьэр лъагэу яІыгъыу, нэхутхьэху хъужарэ, псоми зэхуэдэу анэл цІыкІу я нэпкъым тесу.**

АХЭР нанэ и ищхъэрэ пщэфІапІэм щызэхэст, къэдабэ плъыжь зытебза тахътэм ису, зым кІэртІоф убамрэ кхъуеймрэ тхьэвым дилъхьэу, нанэ ар ихурэ хьэку гъэплъам тридзэрэ игъажьэу, адрейм хъыршын къэпщар трихыжрэ тхъуцІынэ щихуэу. БалъкъэрыбзэкІэ уэршэру.

Зы лэдэх закъуи зи напэ хужьым темылъ си анэшхуэм и нэ удзыфафэхэр зыгуэрым тедияуэ гупсысэ куухэм щыкІуэцІрыщІэткІэ, сыщІэхъуэпсырт абы и дуней щІэншэм сыхэплъэну, зэгупсысэр си нэкІэ слъагъуну. Ауэ щыхъукІэ, упщІэ бжыгъэншэхэр си щхьэм къизэрыхьати, нартыху дгъэлъалъэу пщыхьэщхьэкІэрэ дыщыщысым деж згъэуэршэрт: щхьэ дадэ укъиша, дэнэ фыщызэрыцІыхуар, уи бынхэм щхьэ балъкъэрыбзэ иумыгъэщІарэ...

Сэ абы щыгъуэ зыри хэсщІыкІыртэкъым балъкъэрхэм зэгуэр лъапсэрыхыр къыхуагъэкІуауэ, иужькІэ хэкум кърагъэгъэзэжауэ щытауэ, а Іуэхугъуэр гукъинэж зыщыхъуа си анэшхуэм и гупсысэхэм ар узышхуэу зэрыхэлъыр. Нэхъ балигъ сыкъэхъуауэ, Заирэт-нанэ къызжиІэжауэ щытащ и сабиигъуэр зэрекІуэкІамрэ и лъэпкъэгъухэр хэкум щрашым щыгъуэ и нэгу щІэкІамрэ...

«Си адэр тыркут. Си анэращ балъкъэрыр. 1800 гъэхэм и кІэм Тыркум кърадыгъукІауэ щытащ си адэр. ИужьыІуэкІэ къызэрахутамкІэ, ар тырку бей гуэрым и къуэти, и бынымкІэ ягъэшынэу, ахъшэкІэ къахъуэжын мурад яІат бзаджащІэхэм. Ныбжьышхуэ иІэтэкъым си адэм абы щыгъуэ, зэрыжиІэжу щытамкІэ, щакІуэ фочыр къыхуэмыІэту, илъэфу арат. Арами, дыгъуакІуэхэм къаІэщІэкІащ, зым и фочыр къигъэкІуасэри. Куэдрэ къуршым итащ ар, къиущыхьу, имыцІыху щІыпІэм игъуэщыхьауэ. Мылым лъакъуэ лъэныкъуэкІэ кІуэцІрыхуауэ хэлъу, мэжалІэу, къаруушэу къагъуэтыжащ Гундэлэн щакІуэхэм. Апхуэдэу си адэр къыщыхутащ Гундэлэн нэхъ хуэщІауэ дэс унагъуэм икІи абы щапІащ я быным хуэдэу. ЩІалэ цІыкІум ищІэр и адэм и цІэ закъуэрат - Хьэсэн. Езыр Юсуфт. Ауэ щыхъум, Хьэсэнбей Юсуф къыфІащащ.

АтІэ, си адэр зыпІыжам и мылъкум щыщ къыхуигъанэри, а зэманым дежкІэ къулей хъуащ Юсуф. Мылым щыхэхуам щыгъуэ и лъакъуэ лъэныкъуэр пыщтыкІауэ къыщІэкІри, пахат. Езыр щІалэшхуэу, екІуу, гъэсэныгъэ дахэ хэлъу, щхьэц Іув хъурыфэу, къулейуэ, ауэ лъакъуэ лъэныкъуэу... Куэдрэ щхьэгъусэ къимышэу щысащ. Си анэр - Балаевэ ФатІимэт - къыщыцІыхуам ди адэр илъэс 30-м фІыуэ щІигъуат. ФатІимэт щІалэ дыдэт иджыри, илъэс 14 хъуа къудейуэ арат. ГурыщІэ къабзэ зэхуащІауэ къыщІэкІащ, ныбжьышхуэ я зэхуаку дэлъми. Зэрышащ, бын 11 зэдагъуэтыжащ.

Хэку зауэшхуэр къэхъея нэужь алъандэрэ цІыхум имылъэгъуа гущІэгъуншагъэ ди нэгу щІэкІащ. Ауэ ари тщигъэгъупщэжауэ щытащ 1944 гъэм гъатхэпэм и 8 пщэдджыжьым... Псори зэрызехьэрт, сабийхэр зэщІэгъуагэрт, балигъхэр зэрыгъэкІийрт. «ПсынщІэу зыфхуапэ, дыдашынущ!» - жаІэри, ди адэр къыщІыхьэжащ. Дэ зыри къыдгурыІуэртэкъым, дыщІыдашынури дыздэкІуэри тщІэртэкъым. Си шыпхъу нэхъыщІэ цІыкІум сэхуран гъэлыгъуа фІэфІти, лъаІуэрт: «КхъыІэ, сэхуран къэпыр дывгъэгъэлыгъуи, дывгъэшхыж», - жиІэу. Ар щІэгъыр гъуэмылэ къызэдэтщтэу ядэртэкъыми арат. Къызыщыгъэхъу, бынунагъуэшхуэ пкІэрыщІауэ, махуэ дапщэкІэ гъуэгу утетынуми умыщІэу, уздашэм ущымыгъуазэу гъуэгу утеувэну!

Іэщ къызэрырашэкІ вагонхэм драгъэтІысхьащ, сытми. Дызэщыгуауэ, дызэщІэгъуагэу, зыдгъэхьэзырынуи тэмэму зытхуэпэнуи дыхунамыгъэсауэ... Абдежым сэлэт гуэр къэкІуащ: «Хьэсэнбей Юсуф! Хьэсэнбей Юсуфыр хэт?».

Ди адэм зыкъыщигъэлъагъуэм, унафэ къыхуищІащ и унагъуэр зэщІикъуэу, вагоным къикІыжыну, дашхэм зэрыхэмытым къыхэкІыу.

- Сыт сащІыхэмытыр? - игъэщІэгъуащ ди адэм.

- Убалъкъэркъыми. Уэ утыркущ! - жиІащ.

- Сынехынукъым. Сытыркуми, балъкъэрхэм сапІыжащ, абыхэм я кІуэдыр си кІуэдщ, - жиІэри, Юсуф къикІуэтащ.

- Иджыпступщ1э уи унагъуэр пщІыгъуу къех, армыхъумэ узэгуезгъэхынщ, - жиІэу сэлэтым фочыр къыщыттриубыдэм, псори дыкъелъащ.

Сэ абы ипэкІэ зэи слъэгъуатэкъым си адэ-анэм нэпс щІагъэкІыу. Сыт хуэдэ гугъуехь иримыхьэлІами, ахэр фІыуэ зэрылъагъуэрт, зэрыІыгъти, зыми пимыкІуэту, лъэ быдэкІэ щІым тетт. Ауэ абы щыгъуэ Юсуф и нэпсыр хуэмыубыдыжу зэрыгъар сигу икІыжыркъым. ДакІэлъыплъым, дакІэлъыгъыурэ Іыхьлыуи, ныбжьэгъуи, гъунэгъууи диІар дашащ а махуэм. Сыт тщІэнт?! Унэм дгъэзэжащ. Бэлыхьым я нэхъ Іеижым къыкІэлъыкІуэ махуэхэращ щыщІидзар: къуажэм къыдэна Іэщыр гъуахъуэрт, жэмхэр бурт, хэт и шхуэлыр къеблауэ зэщІитхьыу, хэти мэжалІэу, псы хуэлІэу. Абдежым ди адэ-анэм я бгыр щІакъузэщ, сабий гупыр дыкъащтэри, къуажэм дыдэуващ. Іэщхэр зы щІыпІэм деж щызэхуэтхусри, жэмхэр къэтшу, дгъашхэу, зыхуей хуэдгъазэу зыкъомрэ зетхьауэ щытащ. НэхъыжьыІуэхэр адэ-анэм дадэІэпыкъуу, курытхэр нэхъыщІэхэм якІэлъыплъу.

ИужькІэ Гундэлэн и Іэхэлъахэм щыІэ адыгэ жылагъуэхэм никІыурэ накІуэрт цІыхухэр, къыддэІэпыкъуну, зи бжэр зэІудзауэ къанэу ябгына унэхэр ягъэбыдэрт, дыгъуэгъуакІуэхэм Іисраф ямыщІын щхьэкІэ. Абы щыгъуэ къызгурыІуащ - цІыхур лъэпкъкІэ зэхэбгъэж хъунукъым. Дэ псори дыцІыхущ, аращ нэхъыщхьэр. ЗыкІи дызэщхьэщыкІыркъым, ди бзэр зэтемыхуэми. ИкІи абы щыгъуэ ди нэгу щІэкІар балъкъэрми адыгэми ди зэхуэдэ хьэлъэт.

Абдежым сыхъуэпсащ апхуэдиз цІыхугъэрэ хабзэрэ зыдэслъэгъуа адыгэхэм нысэ сахуэхъуну. Си натІэм иту сыкъалъхуагъэнт ар... Фи адэшхуэм сыкъигъэкІуэсащ.

Ауэрэ илъэсхэр кІуащ. Балъкъэрхэм кърагъэгъэзэжу, я псэупІэхэр къызэрагъэнам хуэдэу къыщрихьэлІэжам абыхэм къагуфІар дэтхэнэ зы адыгэми псапэу тхьэм къритыж!».

Юсуф и ныбжьыр хэкІуэтауэ, и бынхэри къэжэпхъауэ къыІэрыхьащ хы адрыщІ щыІэ къэралыгъуэм къикІа тхыгъэ кІапэ. Абы къыхуэтхэрт и къуэш-шыпхъухэр. Къызэрыщ-ІэкІамкІэ, щІалэ цІыкІур щыкІуэда махуэм къыщыщІэдзауэ и адэ-анэм къалъыхъуэу къэгъуэгурыкІуащ. Я нэхъыжьхэр дунейм ехыжа нэужьи, и къуэшхэмрэ шыпхъухэмрэ пащэжащ а Іуэху хьэлъэм, икІи Юсуф Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъуэтыжауэ, Тыркум ираджэрт. «Сэ укъызгуроІуэ. Зэрани сыпхуэхъунукъым. Ухуеймэ, кІуэж Тыркум. Ауэ си бын пщыкІузыр сымыцІыху лъагъуэм схутешэнукъыми, сэ мыбдеж сыкъыщонэ», - жиІауэ щытащ си анэшхуэм и анэ ФатІимэт. Юсуфи къызэринэкІыфынутэкъым и гъащІэ гъуэгур къыдэзыгъэпсынщІа щхьэгъусэри, и адэ-анэм, къыдалъхуахэм зэращымыгъупщам, апхуэдиз зэманкІэ къызэралъыхъуам и псэр дэпсэхуауэ, Гундэлэн къыдэнэжауэ щытащ.

*Сурэтым итыр си анэшхуэ Заирэтрэ си анэ ФатІимэрэщ.*

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Лъэужь нэху къэзыгъэнащ ТекІуий Мадинэ

● Фэеплъ



**Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, ди щІыналъэм и щІэныгъэ ІэнатІэм зэрыщыту хэщІыныгъэ хьэлъэ ягъуэтащ. Илъэс 67-м иту дунейм ехыжащ цІыху щыпкъэ, щІэныгъэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, КъБКъУ-м и профессор, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор ТекІуий (Битокъу) Мадинэ Анатолэ и пхъур.**

ЩІЭНЫГЪЭ зэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъа адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэр ди республикэми ди къэралым и нэгъуэщІ щІыналъэхэми цІэрыІуэ щыхъуат. ТекІуий Мадинэ УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэт. Илъэс куэдкІэ ар щытащ Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я этнологиемрэ тхыдэмкІэ, журналистикэмкІэ и кафедрэм и унафэщІу.

Ди лъэпкъ хабзэм, щІэблэ гъэсэкІэм, щІэныгъэ нэхум гулъытэ хэхарэ пщІэрэ щигъуэту къекІуэкІа адыгэ унагъуэ дахэм къыщыхъуащ Мадинэ. Абы и адэ ТекІуий Анатолэ тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъа лъэпкъ еджагъэшхуэт. И анэ АфІэунэ Рае ди республикэми къэралми щыцІэрыІуэ журналист Іэзэу щытащ. Апхуэдэ адыгэ унагъуэ екІум щапІа, щагъэса цІыхум и гумрэ и псэмрэ дахагъэм, фІым, щІэ гуэр къэщІэным хуэгъэпсауэ щытщ, дауи. Мадини апхуэдэт. Курыт школыр ехъулІэныгъэ лъагэ иІэу къиуха нэужь, пщащэ щІыкІур лъэпощхьэпоуншэу щІэтІысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым. Студент илъэсхэр ирихьэкІащ купщІафІэу, ІуэхугъуэшІэу хьэлэмэт куэдкІэ гъэнщІауэ. А илъэсхэм ирохьэлІэ Мадинэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэм щыдихьэха, щІэныгъэ куум иужькІэ хуэзыша лъагъуэм щытехьа зэманыр.

1980 гъэм ТекІуиймы еджэныр къиухащ, пщІэрэ щытхъурэ пылъу. Пщащэм бгъэдэлъ зэчиймы гу лъызыта егъэджакІуэхэм я жэрдэмкІэ, Мадинэ университетым увауэ щытащ икІи бгъэдэлъ щІэныгъэм хигъэхъуэн мурадкІэ аспирантурэм и еджэным щыпищащ. Егугъуу игъэхьэзырыри, абы ехъулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ и кандидат диссертацэр. Абы къыщиІэта ІуэхугъуэхэмТекІуиймы иужькІэ нэхъ куууэу зыщригъэужьащ 2007 гъэм утыку кърихьа и доктор диссертацэм. ЩІэныгъэ дунейм пщІэшхуэ щызыгъуэта лэжьыгъэхэм халъытащ ар. Мадинэ ари щытхъушхуэ иІэу ирихьэкІри, «тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор» цІэ лъапІэр къыфІащащ.

Илъэс 45-м нэскІэ щІэныгъэ ІэнатІэм пэрытащ еджагъэшхуэр. А зэман кІыхьым къриубыдэу абы зы щІэблэкъым щІэныгъэ гъуэгум тригъэувар, гъащІэм лъэ быдэкІэ хэтыфыну ІэщІагъэлІу иригъэджар. ЕгъэджакІуэ нэхъыжьу лэжьэн щІэзыдза Мадинэ нэсыфащ университетым и профессор, кафедрэм и унафэщІ къулыкъу лъагэхэм. Апхуэдэ пщІэшхуэр, гулъытэр егъэджакІуэ гумызагъэм, къэхутакІуэ емызэшым къиихьащ бгъэдэлъ зэфІэкІымрэ жыджэрагъымкІэ, зыпэрыт ІэнатІэмкІэ зыхищІэ жэуаплыныгъэмрэ и ІэщІагъэм хуиІэ лъагъуныгъэ мыкІуэщІымкІэ. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэм къыдэкІуэу, ТекІуийм дапщэщи иригъэкІуэкІащ сыт щыгъуи дэзыхьэхыу къекІуэкІа къэхутэныгъэхэр. Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я этнографием, тхыдэм тещІыхьа а лэжьыгъэ купщІафІэхэр щІэх-щІэхыурэ къытрадзэрт республикэ газетхэм, журнал цІэрыІуэхэм, нэгъуэщІ щІэныгъэ къыдэкІыгъуэхэм.

ТекІуий Мадинэ Анатолэ и пхъур дунейм зэрехыжар гущІыхьэ ящыхъуащ куэдым. Ар фІыкІэ ягу къинащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщыдэлажьэхэм, ныбжьэгъуу иІахэм, иригъэджа щІалэгъуалэм, гъуэгу захуэ тригъэува щІэныгъэлІ ныбжьыщІищхэм. Шэч хэмылъу, хьэлъэ дыдэщ а хэщІыныгъэр Битокъуэ я унагъуэм исхэмкІи: щхьэгъусэм, бынхэм, абыхэм къащІэхъуэ щІэблэм я дежкІэ. Апхуэдэщ къыщыхъуа ТекІуий лъэпкъымкІи. ІэтыгъуафІэ Алыхьым ящищІ.

ЗыцІыхуу щыта дэтхэнэми, лэжьэгъурэ ныбжьэгъуу иІахэми, зэ фІэкІа зримыхьэлІахэми - псоми и гъащІэм нэхугъэ гуэррэ гуапагъэрэ хэзылъхьэу къекІуэкІа, адыгэ бзылъхугъэ нэсым и щІыхьэ дахэу дунейм тета ТекІуий Мадинэ Анатолэ и пхъум, еджагъэшхуэм, къэхутакІуэ ІэкІуэлъакІуэм, ныбжьэгъу пэжым, лэжьэгъу икІи унафэщІ щыпкъэм, щхьэгъусэфІым, анэ щабэм, шыпхъу гумащІэм, анэшхуэ ІэфІым, и ахърэтыр дахэ Алыхьым ищІ. Нэхугъэ къызыпкърыкІыу, ар адрейхэм гъэгугъэлъагъуэ яхуэзыщІу псэуа Мадинэ и лъэужьыр куэдрэ хремыгъуащэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ **Битокъу Владимир Михаил** и къуэм хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **ТекІуий Мадинэ Анатолэ и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкІэ и ІэнатІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я этнологиемрэ тхыдэмкІэ, журналистикэмкІэ кафедрэм и унафэщІ **ТекІуий Мадинэ Анатолэ и пхъур** дунейм зэрехыжар хуабжьу гущІыхьэ тщыхъуащ икІи гурэ псэкІэ дахуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Битокъу Владимир Михаил и къуэм**, я унагъуэм исхэм. Дэ тфІэкІуэдащ ныбжьэгъу пэж, цІыху гуапэ, бзылъхугъэ щыпкъэ, лъэпкъ еджагъэшхуэ. ТекІуий Мадинэ и ахърэтыр нэху Алыхьым ищІ.

*И ныбжьэгъухэр.*

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, гъатхэпэм и 10

### Первый

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «КАЗАНОВА. В БЕГАХ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** «Время героев» (16+)
**01.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### Россия 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ПОТЕРЯННЫЙ КЛЮЧ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.10** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)
**03.30** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)

### НТВ

**04.45, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. СЕВЕРНЫЕ РУБЕЖИ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ХОЗЯИН» (16+)
**22.00, 00.00** Т/с «КИЛЛЕР» (16+)
**00.40** Т/с «ЧУЖОЙ РАЙОН» (16+)

### Звезда

**05.40** Д/ф «Герой 115» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «НАД ТИССОЙ» (16+)
**12.50** «Специальный репортаж» (16+)
**13.25** «По горячим следам» (16+)
**14.00, 15.05, 17.15** Т/с «ИСЧЕЗНУВШИЕ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «НАД ТИССОЙ» (16+)
**00.45** Х/ф «ПРИЗНАТЬ ВИНОВНЫМ» (16+)
**02.05** Х/ф «ПРАВО НА ВЫСТРЕЛ» (16+)
**03.30** Т/с «ИСЧЕЗНУВШИЕ» (16+)

### Россия К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Черные дыры. Белые пятна
**07.45** Д/ф «Роман в камне»
**08.15** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**08.40** Т/с «ОЛЬГА СЕРГЕЕВНА» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 01.15** ХХ век
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Д/ф «Гусарская баллада». Корнет, Вы женщина?»
**13.40** Х/ф «ГУСАРСКАЯ БАЛЛАДА» (16+)
**15.15** Д/с «Забытое ремесло»
**15.30** Линия жизни
**16.30** Д/с «Передвижники»
**17.15** Русский симфонизм
**18.10** «Рассказы из русской истории»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/ф «Курсовая работа»
**21.35** «Сати. Нескучная классика...»
**22.15** Х/ф «МАСТЕР И МАРГАРИТА» (16+)
**23.10** «А. Пушкин. «Евгений Онегин»
**23.55** «Магистр игры»
**00.25** Д/с «Нормандия - земля воинов»
**02.30** Д/ф «Роман в камне»

### Матч!

**06.00** «Тайны звезд спорта» (12+)
**06.30** «Все о главном» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 14.55** Новости
**07.05, 19.25, 23.35** Все на Матч! Прямая трансляция
**10.05** Лица страны (12+)
**10.25** «Лучшие из лучших» (12+)
**11.30** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**12.35** Специальный репортаж (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Матч! Парад (16+)
**15.00** Громко. Прямая трансляция
**16.30** Хоккей. «Автомобилист» (Екатеринбург) - ЦСКА. Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**19.55** Футбол. «Балтика» (Калининградская область) - «Ротор» (Волгоград). МЕЛБЕТ. Первая лига. Прямая трансляция
**22.00** Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. Прямая трансляция из Москвы
**00.35** Бокс. Чемпионат мира. Женщины. Трансляция из Сербии (16+)
**01.55** Гандбол. «Зенит» (Россия) - «Машека» (Белоруссия). SEHA-Газпром лига. 1/4 финала (6+)

## Гъубж, гъатхэпэм и 11

### Первый

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**8.20** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**9.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**12.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**15.35** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Мэрем, гъатхэпэм и 14**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сизабилемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - «Сизабилемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, гъатхэпэм и 15**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Уаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сизабилемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 16**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

● Хэкум къэзыгъэззэжахэр

# Хэхэс гъащIэмрэ нобэрей си дунеймрэ



**Илъэс зыбжанэ хъуауэ Лэскэн районым и Урыху къуажэм, унагъуэ дахэ щыхъуауэ, дэсщ Сирием къыщалъхуа щIалэ, Идрисхэ (Къардэн) Мухьэмэд-Омар. И щхьэгъусэ Битокъу Ларисэ сцIыхурт, Омар и хъыбар кIапэлъапи зэхэсхат, илъэс куэдкIэ Хьэрыт Эмиратым зэрыщыпсэуар сщIэрти, сыхуэзэну, сепсэлъылIэну си нэ къикIырт. «Сызыдэмыс къуэладжэ лы дэзщ» адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэу, жыжьаплъэу гъащIэ къэукъубеяуэ къытщыхъу хамэ къэрал дунейм къыхэкIыжа щIалэр къуажэ псэукIэ Iэсэлъасэм зэрыхэсыхьыжар сфIэгъэщIэгъуэнт. ИщIэн-илэжьынкIэ, и лъэпкъыу щытми, къызыхэтIысхьэжахэм яхэсыхьыжынкIэ гугъу емыхьу пIэрэ жысIэу сегупсысырт. Мы махуэхэм си лъэ нэсхусащ Омар и деж, сыхьэтищым нэблагъэкIэ дызэбгъэдэсати, дакъикъэ бжыгъэущ къызэрысщыхъуар, щIэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъым, жиIэн зэрикуэдым, и псэлъэкIэм узэрызыIэпишэм къыхэкIыу. Си гуапэщ абы къысхуиIуэтахэм щыгъуазэ фысщIмэ.**

ОМАР и адэшхуэр (ари Омарт) илъэсипщI-пщыкIуз хъууэ и гъусэу абы и адэж Идрис хэкум ирашауэ щытащ. «Хэтхэ уащыщ?» упщIэм и жэуап «Идрисхэ сарейщ» жыхуиIэм къытекIыгъащ Хьэтуей къуажэм щыпсэуа Къардэнхэ ящыщ лъэпкъым я хэхэс-унагъуэцIэр. Омар и адэ Хьэсэн генералу Сирием и дзэм хэтащ. И анэ Хьейрие Ботэщхэ япхъут.

- Адыгэ кIуэдахэм дащыщкъым дэ, - жеIэ Омар. - Си адэ-анэр щыпсэуащ Сирием и Хьанасир къуажэм. Ди адэр дзэм хыхьа иужь, къалэм Iэпхъуэри, абы дыкъыщалъхуащ, дыщапIащ. АдыгэбзэкIэ фIэкIа ди адэ-анэри ди анэшхуэри къыдэпсэлъакъым, хьэрыпыбзэ мащIэ ящIэми. ДызыщIапIыкIар адыгэбзэщ, адыгэ хабзэщ. Таурыхъ къыджаIэхэмкIэ Хэкур ди нэгу къыщIагъэхьэрт, дыдрагъэхьэхырти зэпымыууэ си гур мыбыкIэ щыIэт, зэгуэр сыкъызэрыкIуэжынури си дежкIэ хьэкът.

ЗэкъуэшитIрэ зэшыпхъуиищрэ мэхъу Омар сымэ. И шыпхъу нэхъыжь Бушрэ Эмиратым щыпсэуауэ 2015 гъэм Мейкъуапэ къэIэпхъуэжащ. Иджыпсту и бынхэм я деж Канадэм кIуауэ, пIалъэкIэ абы щыIэщ. КъыкIэлъыкIуэр Юсрэщ, Сауд Хьэрыпым щопсэу, и щхьэгъусэр дунейм ехыжащ, бынищ иIэщ. Сирием и Дамаск къалэр зи псэупIэ Юмнэ зэрыбынхэм я ещанэщ. И щхьэгъусэр генералу дзэм хэтащ, езыр инженеру, дзэм хуэлажьэу щытащ, иджыпсту тIури пенсионерщ. ЩIалитI яIати, зыр дзэм хэту щIэпхъаджащIэхэм яукIащ. Омар и къуэш закъуэращ абы къыкIэлъыкIуэр - Ясерщ. Хьэрып Эмиратым и Дубай къалэм дэсщ, интерьер-дизайнерщ. Хэкупсэу, адыгэлъ ящIэту къызэрыхъуам и щыхьэту, абыхэм псоми адыгэбзэр ящIэ.

- Дауэ нэгъуэщIу?! - жеIэ Омар. - ИгъащIэм къэралым симысауэ адыгэбзэ щысщIэкIэ, емыкIукъэ къуажэм дэсым имыщIэну?!

Сирием и университетым инджылызыбзэмкIэ и къудамэр къиуха иужь, илъэс 25-рэ ныбжьым иту Омар Катарым кIуащ, зы илъэс фIэкIа абы щымыIэу Хьэрып ЭмиратхэмIэпхъуащ. ИлъэсипщIкIэ тыкуэнышхуэ, иужькIэ ресторан ягъэлэжьащ, нэгъуэщI хьэрычэт Iуэхухэри зэрахуащ. 1992 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 22-кIэ абы щыпсэуащ Омар.

Дзэ унагъуэ зэрыщапIам къыхэкIыу я хьэлыр псыхьа зэрыхъуар, зыри хуэмыныкъуэ пэтрэ сытым деж и щхьэ щыгугъыжу къызэрытэджар къыхегъэщ Омар. Анэм и кIэ къуащIэм къуэсыну и адэм къахуидэнутэкъым, езыми апхуэдэ хьэл хэлътэкъыми, хуиту и щхьэ Iуэху зэрихуащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, еджэху и ныбжьэгъумрэ езымрэ университетым и буфетыр ягъэлэжьащ. Къэрал хъуэжри къызэрыгуэкI Iуэхуу фIэкIа зыкIи къытехьэлъакъым. «Эмиратым апхуэдизкIэ ущотыншири, укъыщалъхуар, узэсауэ къэплъытэр пщегъэгъупщэ. Абы щыгъуэми сэ къэралым епхауэ зэи сыщытатэкъым, унагъуэм пэжыжьэуи сыпсэуати, си щхьэ Iуэху фIэкIа зезмыхуэжу а псом пэIэщIэ сищIат хьэрып щIыналъэм. Уи гур быдэ ещI жыхуэсIэщ. ЦIыхум елъыта къыщIэкIынщ ар къазэрыщыхъур, ауэ сэ сфIэIеякъым».

Омар и къуэшыр Абу-Даби щыпсэурт, езыр Дубай дэст. И щхьэгъусэ Ларисэ Абу-Даби и клиникэ гуэрым щылажьэу Ясеррэ и щхьэгъусэмрэ щIыхьащ абы Iуэхукlэ, ахэр адыгэбзэм зришалIэри цIыхугъэ зэхуэхъуахэщ. Ларисэ Къэбэрдейм къэкIуэжыпат, 2013 гъэм Омаррэ и къуэшым и унагъуэмрэ Хэкум къэкIуэну мурад щащIам. КъэпсалъэуЛарисэ къыщыжраIэм, «хьэуэ» къыхигъэкIакъым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ япэ дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къихьэри, махуипщIкIэ щыхьэщIащ. КъэкIуэжыну игу ирилъхьат Омар, хьэрычэт Iуэху гуэрхэри мыбы къыщызэригъэпэщыну и гурылъти, абырэ Ларисэрэ зэхуэтхэу, я Iуэху зыIут зэхуаIуатэу хуежьащ. Зы илъэс нэхъ дэмыкIыу къэIэпхъуэжыпащ щIалэр Хэкужьым, Ларисэрэ абырэ унагъуэ зэдаухуащ.

Мазэ зытIущкIэ Нарткъалэ щыпсэуат ахэр. «Къуажэм сыкъыщалъхуащ сэ, ауэ фэтэрыр дахэ цIыкIуу зыхуей хуэдгъэзати, гу щызмыхуауэ сызэплъэкIыурэ сыкъэкIуэжын хуей хъуат, - жеIэ Ларисэ. - Нарткъалэ дыдэсыху, жэщым дыгъуэлъыжырт Омар зы план ищIауэ, лъапсэ иIэ хъумэ, жыг цIыкIу нэгъунэ зыхэтынуэр иубзыхуауэ. Нэху дыкъекIырти, нэгъуэщI план иIэт. КъызэрыщIэкIымкIэ, жэщым мыжейуэ арат. Къуажэм щIапIитI диIэщи, узыхуейр псэуалъэ тщIынщ, щыжысIэм, си анэм и гъунэгъур къыхихри дыкъэIэпхъуэжащ. Иджы сыт хуэдэ мылъкукIи фэтэр сыщIэтIысхьэжынукъым».

КъэкIуэжа иужь джэд, гуэгуш ягъэшхащ, мэл ягъэхъуащ, жыг хадэ дахэ иIэщ, балий Iэрысэ изу иту. ПщIантIэм узэрыдыхьэу нэм къыIуидзэр къабзагъэщ, дахагъэщ, егупсысауэ зэгъэкIуа, зыхуей хуэгъэза, гъэщIэрэщIа псэуалъэщ. И гуэщи, и уни, пщIантIэм идза мывэ нэгъуни плъыфэкIи щIыкIэкIи зэщIэжьыуэу екIупсщ. Абы къыбжеIэ щыхъуэгъусэхэр зэхуэдэ гумызагъэу зэрызэрихьэлIар. «Алыхьым иужькIэ Ларисэ и фIыгъэщ нобэ сиIэ псэ псэхугъуэр, - жеIэ Омар. - Хьэрыпым сыщыщыпсэум унагъуэ щIэзмыухуэм къыщIэупщIэхэрт. «Сэ Хэкум сыкIуэжынущ, адыгэ бзылъхугъэ фIэкIаи гъусэ сщIынукъым», жысIэ щхьэкIэ, зыгуэр сиIэу, абы сегупсысу аратэкъым. Иджы сощIэрэщIэуэж а къэспсалъэр наIуэ зэрыхъуар».

- Дунейм теткъым мыр зэрысхъуэжын, сыхьэт бжыгъэкIэ сыдэкIын хуей щыхъукIэ, сыкъызэплъэкIыурэ сыдокI, пэжым ухуеймэ, - къызжеIэ Омар. - Эмиратым сыщыщыщыIэми фэтэрым сыщIэубыдауэ зэи сыщIэсакъым. Зэпымыууэ си гур щIыбым щыIэт, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм псы щIагъым дыщIыхьэрт. Си IэпкълъэпкъымИ си щхьэми зегъэпсэху зыгуэр щысщIэкIэ, псом хуэмыдэжу щIым сыщытелэжьыхькIэ. Уделэ, Дубай укъикIыжу мыбы укъыдэтIысхьэжыну, къыщызжаIэкIэ си жагъуэ мэхъу. Урысейм къыфхуищIэр къывгурыIуатэмэ, апхуэдэу жыфIэнтэкъым, яжызоIэ. Европэм, Америкэм я псэукIэу телевизорымкIэ, интернетымкIэ къагъэлъагъуэхэр псори пцIыщ. Ар тэмэму фи нэгу щIагъэкIатэмэ, абыхэмкIэ фыхъуэпсэнтэкъым. Хэкупсэ къудейуэ сыпсалъэркъым сэ, слъэгъуащ зи гугъу сщIыр. Нэгъуэщ кърэралхэм зэрыщыпсэури слъэгъуащ, Урысейм и цIыхухэм хуищIэри солъагъу. Сыт хуэдэ къэрал сабий ахъшэ къозытынур? Сабий ахъшэ къэгъэнауэ, цIыхубзыр зэфIэкIрэ махуищ дэкIмэ ахъшэр пачынущ, тхьэмахуитI нэхъ дэмыкIыу лэжьапIэм щIыIуагъэкIыжынущ. Хэт унэ зимыIэр мыбы? Зы-тIу къэбгъуэтынуми аращ проценти 100-м хуэззу. Унагъуэ къэс машинитI-щы дэтщ. ШхынкIи бэлыхьщ, зыри мэжалIэу жеижыркъым. Африкэракъым зэслъытыр, ди сабийхэр зэхъуапсэращи, фи фIэщ зэрыхъун, зыри хъуэпсэгъуэкъым. Бынхэм къагурыгъэIуэн хуейщ мыр. Зы махуэ Урысейм сызэрыхуэмылэжьауэ пенсэ къызет сэ къэралым. Сирие къудейр къэсщтэнщи, унейIуэху фIэкIа зомыхуамэ, къэралым ухуэмылэжьамэ, пенсэ къуитынукъым. Дохутыр IуэхутхьэбзэхэращиI, пщIэншэщ, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа къэралхэм хущхъуэ къудей къуащэнукъым, урицIыхуу щымытмэ.

Жьы къабзэ, пхъэщхьэмыщхьэ куэд, псыежэх... Ахэракъэ жэнэтым и плъыфэу къагъэлъагъуэр, Мухьэмэд бегъымбарыр къыщалъхуа хьэрып пшахъуэщIым щыщымыIэр?! Мис ахэр щыкуэдкъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, атIэ жэнэт щIыналъэкIэ сыт абы уеджэ щIэмыхъунур? «СыщIалэу сызэрегупсысыну сщIэртэкъым, ауэ иджыпсту сызыхуейр щзхуу, си Iэм хуэщIэр ищIэу сыпсэунырщ. Лэжьыгъэ леи, ахъшэ леи сылъыхъуэркъым. Нэхъ пасэу сыкъызэрымыкIуэжарщ сызыхущIегъуэжыр. ГъащIэр нэхъыбэу зытеухуар ахъшэракъым, узыншагъэращи, куэду Алыхьым къыдит», - жеIэ Омар.

КъызэрывгурыIуащи, нэгъэсауэ хэкупсэщ Омар. Абы и щыхьэтщ я пэшхэм ящыщ зым ди къэралым и гербыр зэрыфIэлъыр. Апхуэдэуи гумызагъэщ. Зыгуэр ищIэну егупсысамэ, жэщым мыжея пщIондэ, етIуанэ махуэм ар зэщIауэ щытын хуейщ. Апхуэдэщ и хьэлыр. Абы гугъу иригъэхьу къыщысхуэкIэ: «Сесащ, сфIэфIщ. Схъуэжын Iуэхуи къэсхуэкIыркъым. Аргъуейм сыхуэдэщ. Сэри сыжейркъым, адрейхэри згъэжейркъым», - мэдыхьэшх Омар.

Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым Омаррэ Ларисэрэ я зэхуаку дэлъ хуабагъэм. Адыгэхэм я нэхъыбэм ар ямыгъэлъагъуэущ дызэресари, згъэщIагъуэу гу щылъитэкIэ, Омар къызжеIэ:

- Бзылъхугъэм пщIэ хуэсщIу сезыгъэсар си адэращ. ЛэжьапIэм къикIыжа иужь зы дакъикъэ ди анэм къыбгъэдэкIыртэкъым ар, «къыIэ, скIэрыкI» къыжриIэми, «и, Хьейрие», - жиIэрт бгъэдэтIысхьэрт. Дэри ар хьэлу къытхуэнащ. СогъэщIагъуэ я унагъуэм нэхърэ нэхъыбэ зэман я ныбжьэгъухэм зэрытрагъэкIуэдэфыр. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, зыщIыпIи сыкIуэну сфIэфIкъым Ларисэ симыгъусэу.

ЛъэпкъкIэ зыщыщ Хьэтуей къуажэр фIыщэу елъагъу. Зы Iэмал цIыкIу къигъанэркъым абы щытхъуфыну къимыгъэсэбэпу, и цIыхухэращи, хуэдэ щымыIэу къыщохъу.

ПщэфIэныр зыхилъхьэ щыIэкъым Омар. Илъэс пщыкIущ щыхъум щегъэжьауэ и анэм ипщэфIхэр къигъанэурэ езым щIэщыгъуэ гуэрхэр къигупсысу щытащ, и анэкъилъхухэр зригъэхъуапсэу. ПщафIэ нэтынхэм кIэлъоплъ, лъэпкъ куэдым я пщэфIэкIэм хещIыкI. Иджыпсту къегъэIурыщIэ адыгэ шхыныгъуэхэр. «Хугум плов къыхэсщIыкIыну сыхунэсакIэщ», - мэдыхьэшх Омар. - Къапщтэмэ, дыкъызэрыкIуэжрэ дызэгурыIуащ: сэ сопщафIэ, Ларисэ хьэкъущыкъухэр етхьэщIыж. Зыхуэмышыгэ пщтырафэу, шей IэфIу щезмыгъафэ къэхъуу, а хьэкъущыкъу дыдэми сынос».

Инджылызыбзэр къыдалъхуами ярейуэ ещIэ Омар, зыхуеджари илъэс куэдкIэ щыпсэуа Хьэрып Эмиратым нэхъыбэу щызекIуэри аращ. Ауэ абы къыдэкIуэу итальяныбзэри франджыбзэри зригъэщIат. «Бзэхэр къызохъулIэ сэ, ауэ урысыбзэм нэхъ сыхэзагъэркъым. Адыгэхэм сакъызэрыхэтIысхьар арами сщIэркъым, ауэ ар къызохьэлъэкI», - жеIэ си псэлъэгъум.

Хьэрып Эмиратым илъэс тIощIым щIигъукIэ щыщыпсэуакIэ, плъэмыкIыу диным ехьэлIа упщIэр бзэгупэ къыпфIохъу. «Ар бгъэлъагъуэн хуейкъым, зейр уи щхьэращи. СытепсэлъыхьыниI сфIэфIкъым, дин Iуэхуи къэсхуэкIыркъым. КъурIэн деджэми, нэмэз тщIыми, ди щхьэщ зыхуэтщIыр. Урысейм и ефэнды нэхъыщхьэм нэхърэ нэхъыфIу хызощIыкI диным жысIэкIэ, езгъэлеину къыщIэкIынкъыми, ар Iуэху тыншкъым, дин щIэнэгъэ зэбгъэгъуэтыниI гугъу дыдэщ. Утепсэлъыхьын хуэмейуэ аращ къызэрыслъытэр. Дин жыфIэу, хабзэ къевгъажьэу, зыхэмыщIыкIым фи Iуэху хэфлъхьэу, зыгуэрхэр къэвгупсысу физыщымыгъуазэм фыхэмыIэбэ, яжызоIэ сэ зыгуэркIэ къызэупщIкIэм. Фыадыгэщи, фи хабзэм фытет, фи бзэр зыщывмыгъэгъупщэ, абы фыкъигъэпцIэнукъым. Уи хабзэр хьэрып хабзэм хуэкIуэнукъым. Къэрал, лъэпкъ къэс зытетын хуейр и хабзэращи, нэгъуэщI къапщтэ хъунукъым, зэи нэсу хэпщIыкIынукъыми», - жеIэ Омар, зэрызримыгъэубгъущэнум яужь иту.

Си щIалэр Ларисэ и деж инджылызыбзэм щыхуоджэ. Абы екIуалIэ сабий къэс гулъытэшхуэ къахуищIу, адыгэбзэ зымыщIэ щIыкIухэр игъэукIытэрэ къигъэпсалъэу, шхын щIэщыгъуэ къакIэлъирихьэкIыу апхуэдэщ Омар. Езы цIыкIухэми я псэр апхуэдизкIэ кIэрыпщIащи, псалъитIым языр абы и цIэращ. Сабийхэм набдзэгубдзаплъэу зэракIэлъыплъыр къэсщIащи, Омар соупщI: «Лъэпкъ теухуауэ, ди щIэблэм ират гъэсэныгъэм сыт хуэныкъуэ, сыт щыгъун хуейуэ къыпщыхъурэ?» ХощэтыкIри, жэуап къызет:

- Сабийхэр адэшхуэ-анэшхуэм я закъуэ ягъэсэн хуейкъым, ягъафIэурэ ягъэфIэIунущ. Ар зи пщэ дэлъын хуейр адэ-анэращ. УхущIыхьэу умыгъэсэфынумэ, къомылъхуми нэхъыфIщ. Адэмрэ анэмрэ зэгурыIуауэ, зым жиIэр адрейм дыжиIэжу щытыпхъэщ. Абы утекIмэ, уи сабийр кIуэдынущ. Дэ адыгэхэм адэанэм хьэлу къытхалъхьар ди сабийхэм яхэтлъхьэжын хуейщ. Нэхъыжьхэм я зэманым хуэдэжкъым, нэгъуэщI хъуащ дунейри, абы нэсу хащIыкIыфынукъым адэшхуэ-анэшхуэм, хэзагъэуи яхуэгъэсэнукъым. Аращ нэхъыщхьэу къысщыхъур, адыгэр зэрыщыуэри а зызакъуэращ. Зыми ди лъэпкъыр къыкIэрыхуркъым, хэкупсэу адэ-анэм дыкъагъэхъуащи, ди бынхэри апхуэдэу къэдгъэхъун хуейуэ аркъудейщ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**




● Псалъэжьхэр

# Къуэр напщІэщ, пхъур набдзэщ

♦Ныбжьэгъур бгъэунэхунумэ, хуитыныгъэ ет.
♦Сабий зэрымысым насып илъкъым.
♦Уи бынрэ уи благъэрэ умыбж.
♦Уи гъунэгъу и фэ къыптоуэ.
♦Унэр игущ, жьэгур и псэщ.
♦Фызыфl зиlэм хъуэхъу и унэ илъщ.
♦Хэгъэрей бзаджэ дэкlуатэ кlыхьщ.
♦Шыпхъум и гур дэлъхумкlэ гъэзащ.
♦Къуэр напщlэщ, пхъур набдзэщ.
♦Адыгэр вакъэ лъэныкъуэу шхэркъым, шхэурэ уэрэд жиlэркъым.
♦Аргъуей мыдзакъэ щыlэкъым.
♦Бжэмышх нэщl жьэм хуахьыркъым.
♦Бзэгур шэм нэхърэ нэхъ жэрщ.
♦Гугъуехь зымылъэгъуам гъуэгуанэ хуэшэчыркъым.
♦Шыпхъуншэ нэхърэ шыпхъу нэф.

● ЦІыхушхуэхэм я гупсысэхэр

# Насыпыр ипэкІэ укІуэтэнырщ



ПщІэншэу зы сыхьэт зыгъакІуэ цІыхум гъащІэм и уасэр иджыри къыгурыІуакъым.
**Дали Сальвадор**.

Зы Іуэху имыІэу псэуфын цІыху щыІэу си фІэщ хъуркъым.
**Диккенс Чарльз**.

Дахэу псэуар дахэу дунейм йохыж.
**Драйзер Теодор**.

ГъащІэм насыпу хэлъыр сыт щыгъуи ипэкІэ укІуэтэнырщ.
**Заболоцкий Николай**.

Дахэу къэбгъэщІа илъэсхэращ гъащІэ дахэкІэ зэджэжри.
**Цзы Лао**.

МащІэ зыхузэфІэмыкІым куэди хуэгъэкъарукъым.
**Ломоносов Михаил**.

● ГушыІэхэр

## ПсапащІэ

Гъэмахуэ кІуам Дизыкъуажэ Іуэху къылъыкъуэкІащ: и хадэхэкІыр бэгъуауэ здихьынур ищІэртэкъым. Бэзэрым щищэну зэмани гукъыдэжи иІэтэкъым, ауэ щыхъум, пщэдджыжь гуэрым, и мылъкум псапэ хищІыкІыну мурад ищІщ, зы нащэ пэгунрэ помидор ашычрэ куэбжэпэм дихри шэнт зырызым тригъэуващ. «ПщІэншэу фызот!» жиІэу хьэрфышхуэкІэ тхауэ шэнт зыкІэрыгъэщІапІэм кІэригъэпщІэжри, езыр лэжьакІуэ кІуащ. Пщыхьэщхьэм, лэжьапІэм къикІыжмэ, елъагъу: нащэ пэгунри помидор ашычри щытщ, зыри емыІусауэ, шэнтитІыр - бгъуэтмэ, къащтэ, - щытыжкъым...

## Сыт мамэ нызщІэкІуэнур?!

ЛІым и бынхэм яжреІэ:

- Мыгувэу отпуск къыдатынущи, тенджыз Іуфэм зыгъэпсэхуакІуэ дыкІуэнущ.

ЦІыкІухэр гуфІэнтэкъэ - гуфІащ.

- Абы, - къыпещэ адэкІэ лІым, - ди Іэр зэтедзауэ дыщыщысынущ, пІэ Іухынри, шхыныр гъэхьэзырынри, унэр гъэкъэбзэнри дэ ди Іуэхунукъым: псори зыгъэпсэхупІэм я лэжьакІуэхэм къытхуащІэнущ.

Ар щызэхихкІэ, илъэсих зи ныбжь щІалэ нэхъыжьым, и дамащхьэр дрешейри, зыри къыгурымыІуауэ, щІоупщІэ:

- АтІэ сыт мамэ нызщІэкІуэнур?!

## ГущІэгъулы

Хъыджэбз цІыкІур унэм щІолъэдэжри, и анэм йолъэІу зы тумэн къритыну.

- Сыт зэрыпщІынур, на-а? - йоупщІ анэр и пхъум.

- ПщІэрэ, - жеІэ пхъум, - гъуэгущхьэм тес фызыжьым естынущ.

Анэм и пхъур зэрыгущІэгъулыр гуапэ щыхъуауэ, ахъшэр ирет:

- Мэ, си псэ закъуэ. А фызыжьыр, тхьэмыщкІэ, лэжьэжыф хъун мыгъуэкъым.

- АІэ, - жеІэ хъыджэбз цІыкІум, - ар мэлажьэ. Абы адакъэ ещэ...

- Сыт адакъэ, на-а? - егъэщІагъуэ анэм.

- КІэнфет адакъэ!

- А-а, - жеІэ анэм, икІэм-икІэжым ахъшэм щІыхуейр къыгурыІуауэ.



Альпинист цІэрыІуэ Шыбзыхъуэ Казбек псэущхьэхэр зэрыфІэфІыр ящІэрти, Ростов щыщ и ныбжьэгъухэм щыхь ІэрыпІ къратащ. Абы и анэр имыгъусэжу, шыр дыдэу къагъуэтащ икІи мазэ зыщыплІкІэ шэ защІэкІэ ягъашхэу япІащ.

Шыбзыхъуэм фІэфІт псэущхьэхэри, куэд димыгъэкІыу кІуэри къишауэ, мазитІым нэблэгъауэ епІ.

Дахэщ щыхьыр икІи мэзым щІэтми, цІыхур фІыуэ зылъагъу псэущхьэхэм ящыщщи, удэджэгунуи, утелъэщІыхьынуи фІэфІщ, езыри гуапэу къыппожьэ. Ар зыхащІащ куэд щІауэ ди щІэджыкІакІуэ пэж Тохъу Мухьэмэдрэ абы и къуэрылъху Елмэсрэ.

● Шхыныгъуэ



# Къаз тхьэмщІыгъу гъэжьа

Къаз тхьэмщІыгъу лъэсар шыуаным иралъхьэ, ар щІигъанэ къудейуэ лэпс е псы хуабэ щІакІэ, и щхьэр трапІэ, зэ къытрагъэкъуалъэри тхъурымбэр къытрах, шыгъу, къэрмэфибл халъхьэри хьэзыр хъуху ягъавэ. ТхьэмщІыгъу вар лэпсым къыхахри ягъэжэпхъыж. Абы и ужькІэ къазыщэ упщІэтахэр тебэм иралъхьэ, зэІащІэурэ тІэкІу ягъэткІу, абы ІупщІэурэ упщІэтауэ бжьыныщхьэ халъхьэ. ЗэІащІэурэ абы халъхьэ тхьэмщІыгъу вар, псывэ тІэкІу щІакІэ, тебащхьэр трапІэжри псыр щІэвэщІэху щэ дагъэри абы доткІу. Бжьыныху упщІэтарэ шыбжий сыррэ халъхьэжри тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. АдэкІэ псывэ тІэкІу щІакІэри тебащхьэр тепІауэ дакъикъэ зытІукІэ ягъэбэкхъ, мафІэр щабэу блэуэ. Псыр щІэмывэщІапэу хьэкум къытрахыж, тепщэчым иралъхьэри Іэнэм пщтыру трагъэувэ, шыпс хуэдэу къыщІэнари тракІэж. ПІастэ хуабэ е цІывынэ дашх. Гуэгуш, бабыщ тхьэмщІыгъухэри мыбы ещхьущ зэрагъажьэр.

*Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):* къаз тхьэмщІыгъуу грамми 150-рэ, къэрмэфиблу 3, къаз дагъэу грамм 30, бжьыныщхьэ укъэбзауэ грамм 80, бжьыныху укъэбзауэ грамм 50, шыгъуу, шыбжийуэ фызыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.

# Псалъэзэблэдз

*ЕкІуэкІыу:* **3**. Нэд мыкъу ..., нэд къуа зигъэщхъэрэ? **4**. Зы дэкІэ уигу сыкъэкІи, а ... кунэфу къыщІыкІ. **7**. ... здэщымыІэм дзыгъуэ щоятэ. **8**. Джэгу пэтрэ нэ .... **9**. ... зэгуэгъущ, тІуанитІ зэегъущ. **13**. ... и гъунэгъу лыр мажьэ. **17**. МафІэ нэхур «благъэщ» жыпІэу умыкІуэ, хьэ ... макъыр «жыжьэщ» жыпІэу къыумыгъанэ. **18**. ... и гъуапэр пхъум и джанэщ. **19**. Пэ зиІэм кІэи... . **20**. ... жагъуэ псы кІэщІакІэ.

*Къехыу:* **1**. Ирауд бэнэнкІэ зигъэнщІыркъым. **2**. ИмыІэфІ щыгугъым и ... фІокІуэд. **3**. Ди ... пхъэжь мафІэ. **5**. КІапсэшхуэм ... арэфыпсым къехьыж. **6**. Дыгъужьым ... зыфІихьынур и пыІэ щыгукІэ къещІэ. **10**. ... щхьэкІэ, епщэжакъым. **11**. Нэм ... псэр ихуэ. **12**. ЩІалэ ... кІэлъыкІуэж. **13**. Шынэр и унэ... . **14**. Нысэр ..., жыпІэу цІэ фІумыщ, и цІэр езым зыфІищыжынщ. **15**. Пщэдеи махуэщ, къэунэхури... . **16**. Уи ... уи нысэрэ къахуэбублэр къалэнщ.



*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.

**Гъатхэпэм и 1-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

*ЕкІуэкІыу:* **1**. Дзэлыкъуэдэс. **4**. Жэмыхьэт. **6**. Нэд. **7**. Аму. **9**. Темрыкъуэ. **12**. Щхьэгъэпсэу.
*Къехыу:* **1**. Дзы. **2**. Къурыкъу. **3**. Сэ. **4**. Жэнэт. **5**. Теунэ. **8**. Аркъэ. **10**. Къущ. **11**. Ду.

**ЩІышылэм и 31-м Махуэ Анзор зэхилъхьауэ ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

*ЕкІуэкІыу:* **2**. Бумэзей.**5**. Къутэжыгъуэ. **9**. Ауз. **11**. Бгы. **12**. Уаз. **13**. Къэрэгъэш. **14**. Алъп. **19**. Пшэплъ. **20**. Адыгэ. **21**. ПІырыпІ. **22**. Пэш. **23**. ДжэдыкІэжьапхъэ. **24**. Дыд. **29**. Унафэ. **30**. Ашэплъ. **32**. Адакъэ. **33**. Ету. **34**. Балиипкъ. **35**. Гулъэ. **36**. Афэ. **37**. Къру. **38**. Елыркъэш. **39**. Адэжынэ.
*Къехыу:* **1**. Лъатэпс. **3**. Унаплъэ. **4**. ЕкІуэкІа. **6**. Тхъэгъуэ. **7**. ГъуэлъыпІэ. **8**. БыдапІэ. **10**. ДжэдыкІэнэкъиж. **15**. Къэзэуат. **16**. Шынэхъыжь. **17**. ЩІэпхъаджэ. **18**. Арщыдан. **25**. Тутнакъ. **26**. Шэфтал. **27**. Къаплъэн. **28**. Фэрэудж. **30**. Алащэ. **31**. Лъэпэд.




# Махуэ лъапIэхэм хухэхауэ

**Аруан щIыналъэм хыхьэ Къэхъун къуажэм и курыт еджапIэ №2-м щекIуэкIащ фочкIэ нэщанэ еуэнымкIэ республикэ зэхьэзэхуэ. Ар теухуауэ щытащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъумрэ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу мы гъэр зэрагъэувамрэ, къызэрагъэпэщащ Аруан щIыналъэм и Жылагъуэ палатэм, Къэхъун къуажэм и администрацэм, Техник ныбжьыщIэхэм я станцым я Дзэхэкупсэ центрым.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ командэ 11, дэтхэнэри цIыхуиплI хъууэ. КъищынэмыщIауэ, щхьэзакъуэ зэпеуэм цIыхуипщI щызэхьэзэхуащ. Ахэр щысущ нэщанэ зэреуар икIи цIыху къэс фочышитху къагъэсэбэпащ.

КърикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь наIуэ къызэрыхъуамкIэ, гупхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр къыщахьащ Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм и нэщанауэхэм, очкои 131-рэ яIэу. ЕтIуанэ хъуащ Къэхъун къуажэм и администрацэм и командэр - абы зыIэригъэхьащ очкои 121-рэ. Ещанэр Нарткъалэ и командэрщ, очкои 114-рэ иIэу.

Щхьэзакъуэ зэпеуэхэм щытекIуащ спортым и ветеран Кабалоев Мурадин (очко 44-рэ), етIуанэр Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм щыщ Тэмазэ Астемырщ (очко 42-рэ). Къэхъун щыщ Чыржын Рустам очко 38-рэ иIэу ещанэ увыпIэр къихьащ.

Хъыджэбзхэм ирагъэкIуэкIа зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ Мамыхъу Марие (очко 29-рэ). Езий Самирэ очко 22-рэ иIэу етIуанэ хъуащ, ещанэр Албот Залинэщ (очко 18).

Зэпеуэхэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ Аруан щIыналъэм и Жылагъуэ палатэмрэ Къэхъун къуажэм и администрацэмрэ къабгъэдэкIыу щIыхь тхылъхэр, медалхэр, кубокхэр иратащ.

Апхуэдэуи, абы ипэ къихуэу, Хэкум и хъумакIуэм и махуэр ягъэлъапIэу, Нало Залым и цIэр зэрихьэу Нарткъалэ дэт Техник ныбжьыщIэхэм я станцым щекIуэкIащ фочкIэ нэщанэ еуэнымкIэ районым и еджакIуэхэм я зэхьэзэхуэ.

Зэпеуэн щIамыдзэ щIыкIэ къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ Аруан щIыналъэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Езий Юрэ, районым и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Нало Юрэ, щIыпIэ ДОСААФ-м и унафэщI ДзыхьмыщI Мартин, зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ Гулэжын Беслъэн сымэ.

Командэхэм я зэпеуэм щытекIуащ Къэхъун къуажэм и курыт еджапIэ №1-м щIэсхэр, очкои 123-рэ яIэу (ныбжьыщIэхэр зыгъасэр Езий А.), етIуанэр Псыгуэнсу и курыт еджапIэ №1-м и къикIахэрщ, очкои 115-рэ къраудауэ (Мэкъуауэ З.). Ещанэ увыпIэр къихьащ Нарткъалэ и школ №6-м и командэм, очкои 114-рэ иIэу (БищIо Хь.).

Щхьэзакъуэ зэпеуэхэм хъыджэбзхэм я деж япэ щыхъуащ Къэхъун къуажэм и курыт еджапIэ №1-м щыщ Мамыхъу Марие (очко 44-рэ), етIуанэр Псыкуэд и курыт еджапIэм щIэс Сосмакъ Аделинэщ (очко 33-рэ). Ещанэ хъуащ Нарткъалэ и курыт еджапIэ №6-м и гъэсэн Шакъ Лаурэ (33-рэ).

ЩIалэхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр къыщихьащ Псыгуэнсу дэт курыт еджапIэ №2-м щIэс Гъуэгунокъуэ Марат (очко 44-рэ). ЕтIуанэ хъуащ а къуажэ дыдэм и курыт еджапIэ №1-м и гъэсэн Лэшкэн Мартин (очко 42-рэ). Нарткъалэ и курыт еджапIэ №6-м щIэс Жылокъуэ Инал (очко 42-рэ) ещанэ увыпIэр къиихьащ.

**ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.**

● Футбол

# Ставрополь щыщIадзэнущ

**Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм хэтынухэмрэ щыщIидзэнумрэ зэхагъэкIащ. Абы ипкъ иткIэ «Спартак-Налшыкым» зэпеуэр Ставрополь къалэм щригъэжьэнущ, щIыпIэ «Динамо»-м гъатхэпэм и 22-м щыIущIэнурэ.**

НАЛШЫКДЭСХЭР зыхэхуа гупым щыджэгунущ командэ 14: «Астрахань» (Астрахань), «Кубань-Холдинг» (Павловскэ район), «Рубин Ялтэ» (Ялтэ), «Ангушт» (Нэзрэн), «Ростов-2» (Дон Iус Ростов), «Динамо Ставрополь» (Ставрополь), «Легион» (Мэхъэчкъалэ), «Динамо-2» (Мэхъэчкъалэ), «Победа» (Хасавюрт), «Спартак-Налшык» (Налшык), «Дружба» (Мейкъуапэ), «Нарт» (Черкесск), «Сочи-2» (Сочэ), «Севастополь» (Севастополь). ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэм, зыр адрейм деж кIуэурэ, ахэр тIорытIэ зэдэджэгунущ. ИтIанэ япэ - еханэ увыпIэхэр зыубыдахэр зэ къекIуэкIыгъуэкIэ бжьыпэм щIэбэнынущ, ищхьэкIэ дэкIуэтеин папщIэ. Адрейхэр гупым къыхэнэным иризэныкъуэкъунущ.

Зэхьэзэхуэм щIидзэным къэнэжа щыIэкъым. А зэманыр нэсу къызэрагъэсэбэпыным командэхэр ерыщу хущIокъу. Зыгъэсэныгъэхэм къадэкIэу абыхэм зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр иджыпстукIэ ирагъэкIуэкI. Апхуэдэ зы иджыблагъэ Налшык и Сабий стадионым щызэхэтащ. Абы «Спартак-Налшыкым» къыщригъэблэгъат Хасавюрт и «Победа»-р. Ди щIалэхэр зэкIэ нэхъ хьэзыру къыщIэкIащ икIи Дагъыстэным и футболистхэр 3:1-уэ хагъэщIащ. Налшыкдэсхэм я топитI Далиев Дени дигъэкIащ, ещанэр къехъулIащ зыкIэлъыплъыну кърагъэблэгъа щIалэм.

«Спартак-Налшыкым» и зыгъэсэныгъэхэр иджыри зы тхьэмахуэкIэ щыIэнущ. Абы къриубыдэу иджыри зэныбжьэгъугъэ зэIущIитI къапэщылъщ. Налшыкдэсхэр яIущIэнущ Черкесск и «Нартымрэ» Нэзрэн и «Ангушт»-мрэ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**



# Зи чэзу къыдэкIыгъуэм фыкъыщеджэ

**«Iуащхьэмахуэ» литературэ-художественнэ, жылагъуэ-политикэ журналым 2025 гъэм и япэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ. Журналыр фIы дыдэ хъуауэ жиIэу къэпсэлъа, ди гур хэзыгъэхъуа щIэныгъэлIым хуэтщI фIыщIэ псалъэкIэ къыщIэддзэмэ, ди гуапэщ. Уи лэжьыгъэр къалъытэн нэхърэ нэхъыфI сыт щыIэ?!**

ЖУРНАЛЫМ и жьантIэр лъысащ еджагъэшхуэ Шагъыр Iэмин, ар къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирикъуащ. Абы теухуа «Ди бзэм и кууупIэр къэзытIэщIыфа» тхыгъэр и IэдакъэщIэкIщ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БищIо Борис. Гъэхуауэ, гугъэзагъэу зэпкърыхащ Шагъырым и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ.

УсакIуэ Къагъырмэс Борис къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъум хуэдгъэхьэзыра тхыгъэхэщ журналым и къыкIэлъыкIуэ напэкIуэцIхэр зыхухэтхар. Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Алъхъэс Светланэрэ («Лъэхъэнэм и макъ»), КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Мыз Ахьмэдрэ («Пэжыр и гъуазэу») я IэдакъэщIэкIщ ахэр. КъыкIэлъокIуэ Къагъырмэс Борис хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр, абы и къалэмыпэм къыщIэкIа усэ купщIафIэхэм къыхэтхахэр.

И гъуэгу кIыхь хъуну дехъуэхъуащ зи ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 50 ирикъуа усакIуэ щIалэ ПщыукI Латмир. Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Хьэвжокъуэ Людмилэщ абы нэгъэсауэ, и IэдакъэщIэкIхэм я купщIэр къитIэщIу тетхыхьар. Бзылъхугъэм и псалъэхэм щыхьэт техъуэми ярейуэ, а тхыгъэм къыкIэлъокIуэ Латмир и усэхэр.




Прозэ рубрикэр къызэIуех Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ и «Япэрейхэр. Гуащэм и пшыналъэ» романым. Абы къыкIэлъокIуэ культурологием и кандидат ЩауэцIыкIу Людмилэ и «Нанэ», Щоджэн Риммэ и «Насыпыр зыIэщIэбгъэкIмэ», «Темыуж уэлбанэ», Пщыбий СулътIан и «Дезертир» Iуэтэжхэр.

Усыгъэм и лъахэм дыхешэ Куэцэ Хьэсэн. Абы и гъащIэми и гуащIэми «Балъкъ аузым и зы усакIуэ» тхыгъэмкIэ и гугъу зыщIар Хьэвжокъуэ Людмилэщ.

Мы къыдэкIыгъуэм аргуэру зэ дыщрохьэлIэ Фырэ Анфисэ и цIэм. Иджы ар епсэлъащ, тетхыхьащ усакIуэ Бэлагъы Любэ. «Упсэуным лIыгъэ хэлъщ» - аращ а тхыгъэм журналистым фIищар. «Публицистикэ» рубрикэм щIэтщ хэхэс адыгэхэм ящыщ Мэрем Гуокъан теухуауэ Гугъуэт Заремэ игъэхьэзыра, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Уэз ФатIимэ и «Лъэпкъ жьэгур зымыгъэужьых» (зытеухуар Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и тхылъ хъумапIэм и унафэщI Шэпар Iэишэтщ) тхыгъэхэр.

ДыщэкI Залымхъан къызэралъхурэ илъэси 115-рэ щрикъум ирихьэлIэу тхыгъэ зыгъэхьэзырар уэрэдус, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЗэрамыщIэ Заретэщ («ЦIыхубэм я уэрэдус»).

Усэным дихьэх Мэхъуэщ Маринэ и IэдакъэщIэкIхэр журналым еджэхэм щIэщыгъуэ зэращыхъунум шэч къытетхьэркъым. Ахэр адыгэбзэ дахэкIэ, гупсысэ куу щIэлъу, гъэпса хъуащ.

БищIо Борис зэхуихьэсыжа «Адыгэ псэлъафэхэр» тыдодзэ журналым и къыдэкIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ. ЗэкIэщIэпч мыхъу псалъэхэм бзэм мыхьэнэшхуэ зэрыщагъэзащIэр, ар дахэ, къулей, щIэщыгъуэ зэращIыр, гупсысэм художественнэ къару хэзылъхьэ жыIэкIэу ар зэрыщытыр къэплъытэмэ, ди щIэджыкIакIуэхэр зыхуеинущ.

КъыкIэлъокIуэ журналыр зэхуэзыщIыж псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдзыр. Ар зэхилъхьащ журналым прозэ тхыгъэхэр зыгъэхьэзыр и къудамэм и редактор Мыкъуэжь Людмилэ.

**ИСТЭПАН Залинэ,**
*«Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.*

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.456
Заказыр №492

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А